

BAB IV

HASIL PANALUNTIKAN JEUNG PEDARAN

4.1 Kaayaan Naskah

Wawacan mangrupa wangun karya sastra buhun anu kauger ku patokan pupuh. Kaayaan naskah wawacan dina ieu panalungtikan, nyaéta:

- 1) Judul : *Wawacan Siti Khadijah Dagang*
- 2) Asal Naskah : sumberna ti Apih Usin (60 taun), pernahna di Kampung Tugu, Desa Cipeundeuy, Kecamatan Surade, Kabupaten Sukabumi
- 3) Nu Nyalin Naskah : Saeroji (alm), (83 taun), pakasaban tani jeung tukang nembang
- 4) Fungsi Naskah : dipaké nembang dina hajatan nikah, gusaran, jeung sunatan
- 5) Titimangsa : -
- 6) Cara Neundeun Naskah : diteundeun dina lomari pakéan jeung dibungkus ku kérésék améh teu ku rinyuh
- 7) Data Pisik Naskah :
 - a) Ukuran Naskah : 20 cm x 15,4 cm
 - b) Kandel Naskah : 180 kaca
 - c) Aksara : Pégon (Arab-Sunda)
 - d) Basa : Sunda
 - e) Jumlah Pupuh : 11 pupuh (1139 pada)
 - f) Jumlah Baris/kaca : 13 jajar
 - g) Bahan Naskah : kertas polio bergaris
 - h) Kaayaan Naskah : kuat, lengkep (tapi aya sababaraha anu henteu kabaca lantaran kurang jelas)
 - i) Keterangan Séjén : dina ieu naskah henteu disebutkeun titimangsa jeung tempat nulis atawa nyalinna ieu naskah.

Yayang Setia Asih, 2014

*Wawacan siti khadijah dagang Pikeun bahan ajar maca carita buhun di sma¹
(transliterasi jeung ulikan struktural)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- j) Urutan Pupuh : 1. Dangdanggula 30 pada (2,69%), 2. Sinom 33 pada (2,96%), 3. Asmarandana 46 pada (4,13%), 4. Pangkur 42 pada (3,77%), 5. Pucung 78 pada (7,00%), 6. Magatru 56 pada (5,03%), 7. Wirangrong 33 pada (2,96%), 8. Durma 55 pada (4,94%), 9. Dangdanggula 47 pada (4,22%), 10. Sinom 38 pada (3,41%), 11. Kinanti 68 pada (6,10%), 12. Pangkur 48 pada (4,31%), 13. Dangdanggula 46 pada (4,13%), 14. Mijil: 54 pada (4,85%), 15. Kinanti 53 pada (4,76%), 16. Asmarandana 59 pada (5,21%), 17. Sinom 28 pada (2,51%), 18. Pangkur: 27 pada (2,42%), 19. Mijil 37 pada (3,32%), 20. Sinom 19 pada (1,72%), 21. Dangdanggula 19 pada (1,72%), 22. Asmarandana 32 pada (2,87%), 23. Kinanti 41 pada (3,68%), 24. Pangkur 32 pada (2,87%), 25. Lambang 66 pada (5,93%), jeung 26. Pucung 27 pada (2,42%).

Aya sawatara foném anu digunakeun dina naskah *Wawacan Siti Khadijah Dagang*, nyaéta foném vokal jeung foném konsonan.

Lambang foném vokal anu digunakeun dina naskah *Wawacan Siti Khadijah Dagang*, nyaéta:

- Vokal / a / nyaéta diberé tanda sakal _
- Vokal / i / nyaéta dibéré tanda sakal _
- Vokal / u / nyaéta dibéré tanda sakal _
- Vokal / o / nyaéta dibéré tanda aksara ۝.....
- Vokal / é / nyaéta dibéré tanda aksara ۝.....
- Vokal / e / , / eu / nyaéta dibéré tanda sakal _

Lambang foném konsonan anu digunakeun dina naskah *Wawacan Siti Khadijah Dagang*, nyaéta:

/ب/	→ b	/ت/	→ t
/ف/	→ p	/ص/، /س/، /ث/	→ s
/ن/	→ n	/و/	→ w
/ي/	→ y	/ق/، /ك/	→ k

/ ح /, / ه /, / ظ / → h	/ ج /	→ l	
/ ج /	→ j	/ د /	→ d
/ ر /	→ r	/ م /	→ m
/ ئ /	→ c	/ ن /	→ ny
/ ئ ئ /	→ ng	/ ئ ئ /	→ g

Tanda-tanda anu digunakeun dina naskah *Wawacan Siti Khadijah Dagang*, nyaéta:

- a. () , mangrupa tanda ganti padalisan
- b. () , mangrupa tanda ganti pada
- c. (//), mangrupa tanda ganti kaca
- d. (...), mangripa tanda naskah teu kabaca

4.2 Transliterasi Naskah

Transliterasi hartina nyaéta ngaganti jenis tulisan atawa huruf. Istilah transliterasi sarua jeung transkripsi, nyaéta ngaganti jenis tulisan dina naskah.

Transliterasi Naskah *Wawacan Siti Khadijah Dagang*

1. Dangdanggula

(0001) Bismillaahirrahmaanirraahiim,
kawit tembang lagu dangdanggula,
nyebut jenengan Yang Manon,
nu maparin ni'mat ageung,
jeung maparin ni'mat cilik,
anu asih ka hambana hanteu pegat nulung,
di dunya rawuh ahérat,
anu langgeng Alloh anu teu gena gingsir,
wujud taya mimitina.

2. Sinom

(0031) Anu dua pok haturan,
ka Nyai Khadijah Déwi,

hé Nyai mungguhing Alloh,
 Pangéran Nu Maha Suci,
 ngadamel hukumna Nabi,
 lobana opat dicatur,
 anu hiji Taurot kitab,
 kaduana kitab Injil,
 kitab Zabur étu anu katiluna.

3. Asmarandana

(0065) Keur kitu aya anu bijil,
 tina jero padaleman,
 keur sahiji budak awéwé,
 emban Nyi Déwi Khadijah,
 ka Kangjeng Nabi seug nanya,
 persemon Radén angkuh,
 teu maké tatakarama.

4. Pangkur

(0112) Ari geus sumping ka Mekah,
 lajeng baé éta Raja Abu Tholib,
 ka raina téh misaur,
 nyaéta Déwi Hatijah,
 nyarioskeun lalampahan keur diditu,
 panghurmat Déwi Khadijah,
 dicarios hiji-hiji.

5. Pucung

(0155) Kami sanggup,
 anu jadi purah ngurus,
 ngajaga kabéh milih téh ulah,
 budak-budak rék sina leumpang tihela.

6. Magatru

(0234) Pék ditempas omongan Abu Jahal kitu,
 ku Ki// Abu Bakar Sidiq,
 Abu Jahal ulah kitu,
 omongan matak ngéwa teuing,
 darapon baé ngabacot.

7. Wirangrong

(0291) Lajeng nitih Kangjeng Nabi,
 di luhur onta moncorong,

lajeng ku Jibril ditungtun,
tambang onta Kangjeng Nabi,
Jabroil angkat tihela,
énggalna ti dinya jengkar.

8. Durma

- (0325) Barang deukeut katingali geus tééla,
hulu oray ngajungkir,
Kangjeng Nabi téh harita,
lajeng lungsur tina onta,
angkat bari nyandak encis,
seug ngadeukeutan,
barang rét oray ka (...),
-

9. Dangdanggula

- (0381) Aduh Gusti térahing nu sakti,
terus tingal satimbalan nyata,
teu pisan aya nu géséh.
istu turunan Nu Agung,
keur kasép teu aya tanding,
istu terus sadayana,
teu aya nu luput,
menggah abdi téh ayeuna,
sakumaha timbalan moal dipungkir,
sumeja kumereb pisan.
-

10. Sinom

- (0429) Tuluy matur deui oray,
ka Kangjeng Nabi Muhammad,
réh jisim abdi geus tepang,
jeung salira Kangjeng Gusti,
hanteu panasaran abdi,
ayeuna kersa kulanun,
upama kersa gamparan,
badé nimbalan ka abdi,
ayeuna téh abdi sumangga geura dawuhan.
-

11. Kinanti

- (0468) Sanggeus barangtuang tutup,
Ki Sahroh pok maca takbir,
ditingal bet enggeus wapat,
kagét sakur nu ningali,
énggal mayitna Ki Sahroh,
-

dihurmat ku Kangjeng Nabi.

12. Pangkur

- (0537) Leubeut kabéh budal,
bandérana ngolébat kadupak angin,
énggal baé nu dicatur,
di jalan kocap patepang,
bandérana Raja Sam anu dipayun,
pék sujud éta bandéra,
ka payuneun Kangjeng Nabi.
-

13. Dangdanggula

- (0586) Pék ngiceupan jalma nu sahiji,
ka batura nitah geugeuwatan,
naék kana luhur loténg,
nya nitah ninggalkeun batur,
tuluy hanjat jalma hiji,
kana luhureun lawang,
ari geus di luhur,
pék batu gedé diangkat,
disurungkeun teu pisan obah,
beuratna teu kira-kira.
-

14. Mijil

- (0633) Sanggeus kitu Yusang tuluy balik,
(...),
kacarios éta mulihna téh,
ku buboron diiring,
manuk-manuk kitu deui,
pada ngiring.
-

15. Kinanti

- (0688) Ditéang ka luar tuluy,
lamun ku aing kapanggih,
da meureun aya buktina,
lamun ayeuna jol sumping,
meureun karasana senang,
moal (...) teuing.
-

16. Asmarandana

- (0742) Harita kabujeng burit,
éta Mantri Maésaroh,

enggeus idin mulang baé,
kacatur Déwi Khadijah,
taya anu kapimanah,
hulang-huleng jental-jentul,
éling ka nu mulih dagang.

17. Sinom

- (0802) Nyembah unjukan,
ka Raka Raja Bu Tholib,
carios pertéla pisan,
ti awal dongkap ka ahir,
taya nu kaliwat hiji,
Raja bungah liwat langkung,
jeung sadérék sadayana,
sami bungah dina galih,
Raja lajeng ngumpulkeun mantri-mantrina.
-

18. Pangkur

- (0831) Sadayana piramaan,
sami ngadeg dikaléng Kangjeng Nabi,
mangga urang jengkar enung,
ayeuna enggeus meujeuhna,
Kangjeng Nabi tina korsi lajeng lungsur,
Gusti Alloh ngadawuhan,
ka nu jadi juru kunci.
-

19. Mijil

- (0859) Enggeus parek lampah Kangjeng Nabi,
kakasihna Yang Manon,
ka bumina Khadijah Kaputréن,
Sultan geus maréntah gasik,
ka sadaya wargi,
mapag Radén Bagus.
-

20. Sinom

- (0897) Lajengna ieu carita,
Gusti anu Maha Suci,
miwarangan malaikat,
turun ka dunya ti langit,
ngumbahan ka'batullah,
masing beresih seretu,
eujeung sakabéh berhalá,
piceunan masih beresih,

masjid harom kudu maké lawang opat.

21. Dangdanggula

- (0917) Nu arangkat ka gunung geus sumping,
cahya hurung enggeus katingalan,
Nyi Déwi Khadijah kagét,
ningali nu hurung mancur,
barang téteла ningali,
cahya téh hanteu aya,
dinggalan suwung,
musna geus tampa karana,
Kangjeng Nabi éwed dina lebet galih,
nahaon ieu sababna.
-

22. Asmarandana

- (0937) Kangjeng Nabi enggeus nampi,
sinjang pasihan Pangéran,
Jabroil seug matur mando,
hé tuan kakasih Alloh,
enyaéta rupa sinjang,
pasihan Gusti Yang Agung,
jisim kuring seja pasrah.
-

23. Kinanti

- (0970) Nyai emban tuluy matur,
nguningka Nyai Déwi,
Mas Rokit parantos dongkap,
énggal lungsur Kangjeng Nabi,
geus linggih dina mandapa,
lajeng unjukan Mas Rokit.
-

24. Pangkur

- (1012) Kacarios geus isukna,
sumping deui Jabroil ka Kangjeng Nabi,
Kangjeng Nabi bungah langkung,
sumpingna téh uluk salam,
sarta nyandak surat nu kasebut,
muzzamil jeung surat alaq,
ku Nabi enggeus katampi.
-

25. Lambang

- (1045) Urang kapir rerempugan,

ayeuna kuma petana,
nu nyalin agama anyar,
ka urang banget moyokna.

26. Pucung

- (1112) Kangjeng Nabi ti bumi Raja geus lungsur,
kersa mulih ka bumina,
ari sumping lajeng baé,
ngaos Quran jeung sakabéh persahabat.
-

(Transliterasi lengkepna ilikan lampiran).

4.3 Ringkesan Carita

Ieu wawacan téh eusina nyaritakeun ngeunaan Siti Khadijah atawa dina ieu wawacan sering disebut Nyi Khadijah Déwi salaku sodagar beunghar tur kasohor di nagara Mekah. Nyi Khadijah Déwi téh sok nginjeumkeun modal ka palasodagar. Salaku sodagar anu beunghar tur kamashur di nagara Mekah, Nyi Khadijah Déwi téh loba nu ngajugjug. Loba anu niat nginjeum modal ka Nyi Khadijah Déwi.

Kacaritakeun ti leuleutik Kangjeng Nabi Muhammad dikukut ku uana, Abi Tholib Raja Mekah. Kangjeng Nabi Muhammad kacida dipikanyaahnku Raja Abi Tholib. Keur masih budak, Kangjeng Nabi Muhammad téh gawéna ngangon domba. Sagala kahayangna diturut ku Raja Abi Tholib. Ayeuna Kangjeng Nabi Muhammad geus gedé, umurna geus dua puluh lima taun. Raja Abi Tholib boga maksud sangkan Kangjeng Nabi Muhammad téh balajar dagang pikeun ngalap kipayah. Tatapina Raja Abi Tholib teu boga duit pikeun ngamodalan dagang. Raja Abi Tholib nitah Kangjeng Nabi Muhammad indit pikeun nginjeum modal ka Siti Khadijah.

Nyi Khadijah Déwi kacaritakeun boga hiji impian. Tuluy Nyi Khadijah Déwi nyaturkeun impianana ka Ki Mas Rokit jeung ka ahli palak, nyaéta Abdurrohman jeung Abdurrohim. Nyi Khadijah Déwi nyaturkeun yén manéhna

ngimpi aya panonpoé anu hurungna kabina-bina asup ka imahna. Balukar éta impian téh nyaéta bakal carogéan Nabi.

Kacaritakeun aya nu ngajugjung ka Nyi Khadijah Déwi pikeun ngimjeum modal. Sanggeus nepungan Siti Khadijah pikeun nginjeum modal, Kangjeng Nabi Muhammad milu balajar dagang jeung sodagar-sodagar séjénna ka nagara Syam pikeun ngalap kipayah.

Saméméh prung indit ka nagara Syam, palasodagar kabéh kumpul di imah Nyi Khadijah Déwi. Nyi Khadijah Déwi ngedalkeun sagala piwurukna ka palasodagar sangkan kudu turut jeung ulah aya anu wani-wani ngarempak kana panyaramna. Kangjeng Nabi Muhammad. Kabéh ulah aya anu mungkir. Kudu migisti jeung miratu ka Kangjeng Nabi Muhammad. Sarta ulah culangung adab, sakabéhna kudu pada ta'dim. Palasodagar matur yén bakal turut kana piwuruk Nyi Khadijah Déwi.

Nyi Khadijah Déwi ogé ngutus hiji mantri, anu ngaranna Ki Mantri Maisaroh pikeun nuliskeun sagala rupa hal anu kapanggih sarta salampah-lampahna Kangjeng Nabi Muhammad nalika di jalan jeung di nagara Syam ti mimiti nepi ka wekasan ulah aya anu kaliwat.

Geus cunduk kana waktuna, Kangjeng Nabi Muhammad jeung sakabéh sodagar-sodagar séjénna tuluy indit ka nagara Syam dipingpin ku kapala besar/kapala rombongan. Kapala besarna nyaéta Kangjeng Nabi Muhammad. Kangjeng Nabi Muhammad indit ti heula (di hareup) sarta nu loba ngiring ti tukang. Kéncá katuhu dihapis ku bedil, soara tambur jeung tanji geus ngaguruh, kaayaan ramé kacida.

Sanggeus wates nagara kaliwatan, sakabéhna eureun di jero leuweung langgang. Tuluy masangrahan di dinya. Aya sahiji kapala sodagar anu muka riungan pikeun barempug. Yén saha anu wani tihela jadi kapala besarna pikeun nyorang leuweung geledegan. Ki Abu Bakar Sidiq matur yén manéhna percaya lamun Kangjeng Nabi Muhammad anu mingpin di hareup. Tapi, Ki Abu Jahal teu sapuk kana pamadegan Ki Abu Bakar Sidiq. Manéhna ngarasa geus pangalaman

sarta geus nyaho kaayaan jalan anu rék disorang. Sakabéhna sapuk jeung Ki Abu Jahal, sabab nganggap Kangjeng Nabi Muhammad masih kénéh budak anu teu nyaho nanaon.

Sanggeus rempug kabéh, tuluy arindit deui neruskeun lalampahanana. Tapi, tacan pati jauh ti dinya, ontana Ki Abu Jahal leumpangna téh munggal-munggal, meus-meus hanteu daék leumpang. Ki Abu Jahal kacida ambekeunana ningali lampah ontana saperti kitu. Tuluy Ki Abu Jahal téh rag-rag tina onta nepi ka nangkuban, sarta Ki Abu Jahal téh kapaéhan. Teu lila Ki Abu Jahal hudang deui. Manéhna semu-semu éra ku anu loba. Tuluy Ki Abu Jahal nitah ka palasodagar sangkan néangan batur nu sanggup pikeun jadi kapalana.

Sakabéhna geus rempug yén Ki Athobah anu jadi kapalana. Tuluy neruskeun deui lalampahanana ka nagara Syam. Tapi nalika neruskeun lalampahan téh, sakabéhna géh-gér yén aya macan ngahalangan jalan. Éta macan téh galak sarta gedéna kacida. Ki Athobah sieuneun nyanghareupan éta macan, tuluy lumpat burat-birit ka tukang. Onta Ki Athobah geus paéh dihakan ku macan.

Nalika panonpoé geus surup, sakabéhna masangrahan deui dinya. Ku sabab sieun lamun kudu leumpang ti peuting sarta weritna kabina-bina.

Kacaritakeun isukna barempug deui saha anu rék jadi kapalana. Ki Abu Bakar teu loba kahayang, nurut waé jeung nu loba. Tuluy sakabéhna geus rempug yén Qosyim anu jadi kapalana, kolot anu pantes tiheula sabab manéhna geus mindeng pisan nyaba ka nagara Syam téh.

Tambur geus ngabang-brang deui, Qosyim geus tunggang onta di hareup. Kacaritakeun aya malaikat anu turun ka alam dunya. Malaikat Jabroil turun ti sawarga mawa onta bikang sahiji. Éta onta téh ku sakabéh jalma luput, hanteu katingali. Ngan ku ontana Qosyim waé katingalina téh. Éta onta leumpangna ngaréndéng, onta jalu jeung onta bikang. Sakabéh pada suka bungah lantaran manggih jalan rata kacida. Tapi, éta onta bikang téh lila-lila geus ilang teuing kamana léosna.

Qosyim bingung kacida, manggih jalan jadi buntu. Geus teu nyaho kalér-kidul. Sakabéhna rempug balik deui ka tukang. Tapi weléh jalan anu urut tadi téh teu kapanggih. Kacida susahna di Tegal Alas. Ki Abu Jahal matur yén sakabéh kasusah anu karandapan téh lantaran Kangjeng Nabi Muhammad milu jeung rombongan. Tapi, Ki Abu Bakar percaya yén sakabéh kasusah téh datang lantaran henteu ngiring Kangjeng Nabi Muhammad katut agamana.

Tuluy Kangjeng Nabi Muhammad jadi kapalana. Kabéh pada ngiring ti tukang. Barang Kangjeng Nabi Muhammad di hareup jadi kapalana, jalan téh jadi molongpong. Kabéh kaalusan sarta berkah téh narémbongan. Kabéh anu ngiring pada suka ati.

Kacaritakeun sakabéhna masangrahan deui di dinya. Taya karisi jeung kapaur. Anu saré tibra ti soré tepi ka isuk. Sanggeus kitu, nuluykeun deui lalampahanana. Kabéh jengkar murubul. Kangjeng Nabi anu diiring, kabéh anu di tukang pada ngomong suka ati. Kangjeng Nabi tuluy ngadawuh nitah eureun sing tarapti. Di dinya kabéh ngala buah korma pabuis. Geus kitu tuluy neruskeun deui lalampahanana.

Di jalan, kacatur aya hiji jalma anu ngadeuheus ka Kangjeng Nabi. Manéhna ngabéjaan sangkan Kangjeng Nabi ulah waka indit, sabab teu jauh ti dinya aya oray gedé peurahna matih kacida sarta galakna teu kira-kira. Lian ti éta loba sato-sato galak séjénna.

Kangjeng Nabi Muhammad indit ka leuweung pikeun ningali éta oray. Kangjeng Nabi diiring ku Ki Mantri Maisaroh jeung batur-baturna, iwal ti Ki Abu Jahal jeung nu loba henteu milu nyampeurkeun oray. Tapi ku sabab sieun, ngan Kangjeng Nabi Muhammad sorangan anu indit nyampeurkeun oray ka jero leuweung, batur-baturna caricing nungguan di tempat nu teu pati jauh ti dinya. Sanggeus kitu, katingali ku Kangjeng Nabi Muhammad oray gedé ngageleger, tina sungutna kaluar seuneu. Sakur tatangkalan nu deukeut jeung oray geus kahémbos ku seuneu nu kaluar tina sungutna. Éta oray téh ajrih kabina-bina ningali Kangjeng Nabi Muhammad. Huluna tungkul rapet ka bumi, éta oray téh

teu kaduga ningali Kangjeng Nabi Muhammad bakat ku sérab kalangkung. Tuluy hulu oray téh dicocok ku Kangjeng Nabi Muhammad, oray galak téh geus paéh, lumpat asup kana gunung beulah. Tuluy aya manuk gagak matur ngabéjaan yén éta oray téh geus paéh. Sakabéh anu ngiring pada muji ka Kangjeng Nabi Muhammad, iwal Ki Abu Jahal, Qosyim, Ki Athobah, jeung sabatur-baturna.

Ti dinya langsung pada jengkar deui ka Tegal Alas. Di Tegal Alas manggih wahangan gedé kacida tapi caina saat. Tuluy Kangjeng Nabi Muhammad masangrahan deui di dinya. Kacaturkeun aya malaikat Jabroil turun ti langit. Malaikat Jabroil matur ka Kangjeng Nabi Muhammad sangkan ulah masangrahan di dinya. Sabab engké peuting bakal datang cai caah gedé.

Tuluy sakabéhna dititah pindah ka tempat anu kacida pasir. Kangjeng Nabi Muhammad tuluy maréntah ka kabéhan. Ari datang ka peuting, ngaguruh caah gédé téh tepi ka pasangrahan. Kabéh bengong ningali caah anu kacida gedéna. Kangjeng Nabi Muhammad matur sangkan sakabéh batur-baturna teu kudu melang sabab aya kénéh Nu Maha Kawasa anu nulungan. Tuluy datang malaikat Jabroil ngabéjaan yén ulah rék susah ati, sabab isukan bakal aya uncal anu nuduhkeun jalan. Poma-poma kudu dituturkeun éta uncal téh, kudu kukuh ningali ka éta uncal, ulah rarat-rérét ka tukang, sarta ulah aya anu nyimpang boh lampah boh ati. Sabab lamun aya anu nyimpang, tangtu kasasar di jalan sarta geus tangtu tiwas moal hirup deui.

Kacaturkeun isukna rék budal. Sakabéh batur-baturna kagét ningali cai gedéna kacida, ngaguruh lir gunung jadi. Kangjeng Nabi Muhammad seug ngadua ménta pitulung ti Gusti Alloh bari nyanghareup kana cai. Teu lila katingali datang tilu rupa uncal anu mancur cahayana nyanghareup ka Kangjeng Nabi Muhammad. Tuluy éta tilu uncal téh anclub kana cai. Katingalina déét pisan, ngan wates tuur onta éta cai téh. Kangjeng Nabi Muhammad jeung nu loba tuluy budal nuturkeun éta uncal. Kangjeng Nabi Muhammad tuluy ngandika ka nu loba yén ieu téh mangrupa pitulung Gusti Alloh, matak sakabéhna bisa ngambah-ngambah meuntas di wahangan cai. Tapi, loba jalma anu matur yén anu kudu disembah

beurang kalawan peuting téh ngan Gusti Budhan. Tuluy harita téh cai caah, museur-museur ka éta jalma. Jeung ontana geus henteu kari. Taya nu bisa nulungan, éta jalma téh tiwas kabawa palid. Geus kitu, uncal anu tilu téh tuluy ngaleungit. Sakabéhna geus hanjat tina cai.

Kira-kira wanci tengah poé, ti dinya tuluy budal deui. Lebah dinya papanggih jeung hiji jalma. Éta jalma téh nanya rék indit ka mana jeung batur loba sapirang-pirang. Kangjeng Nabi Muhammad tuluy ngajawab yén anjeunna jeung sabatur-baturna téh rék indit ka nagara Syam. Éta jalma téh nuduhkeun jalan ka nagara Syam. Ceuk manéhna, aya dua jalan anu bisa diliwatan pikeun nyaba ka nagara Syam téh. Jalan anu kahiji, nyaéta ka handapeun tangkal kai gedé. Baheula, urang Bashorat anu manggihan éta jalan, tapi éta jalan téh buntu. Anu kadua, jalanna téh rada anyar, tapi ayeuna geus euweuh nu wani ngaliwat ka éta jalan. Sabab aya singa gedé sarta galakna kacida. Lamun keukeuh ngaliwat ka éta jalan, onta sakabéh téh moal aya nu nyésa. Tuluy Kangjeng Nabi Muhammad indit ka jero leuweung diiring ku Abu Bakar Sidiq jeung sabatur-baturna. Sanggeus tepi ka éta tempat singa, singa ngahareung soarana lir lini, sabab ngambeu aya bau manusa. Kangjeng Nabi Muhammad indit mapag singa, anu loba cicing nungguan di dinya. Barang ningali Kangjeng Nabi Muhammad, éta singa téh kacida reuaseunana. Tuluy singa sujud di hareupeun Kangjeng Nabi Muhammad, éta singa téh matur yén manéhna ménta berkah ti Kangjeng Nabi Muhammad sangkan salamet salawasna. Geus kitu, tuluy singa ngaleungit, asup ka nu bala.

Kangjeng Nabi Muhammad jeung nu loba neruskeun deui lalampahanana, Kangjeng Nabi Muhammad nu diiring. Kacaritakeun nalika geus jauh indit, di jalan papanggih deui jeung hiji jalma. Éta jalma téh matur ka Kangjeng Nabi Muhammad yén di hareup téh aya balai gedé. Aya oray gedéna kacida. Tuluy aya soara anu matur Kangjeng Nabi Muhammad yén teu kudu risi ka éta oray. Sabab éta oray gedé téh geus lila nungguan Kangjeng Nabi Muhammad ngaliwat éta jalan. Éta oray gedé téh geus dua taun cicing di sisi jalan. Sanggeus papanggih

jeung Kangjeng Nabi Muhammad, tuluy éta oray téh indit, pindah ka leuweung kai. Sanggeus kitu tuluy budal. Kangjeng Nabi Muhammad nu diiring. Di jalan téh lastari, manggih jalan alus ngabalungbung. Di kénca katuhu ngajalajar tangkal kai anu kembangan. Éta kembang kai téh angin-anginan seungitna kawas kasturi sartana buahan amis kacida. Kabéh pada suka bungah.

Ti dinya tuluy manggih imah. Éta imah téh imah Kiyai, anu kadua imah santrina nyanding ka jalan. Kiyai Sahroh ngaranna. Éta Kiyai téh geus nyaho bakal aya Kangjeng Nabi Muhammad ngaliwat ka éta jalan. Nu matak manéhna nyieun imah di sisi jalan téh. Tuluy Kiyai Sahroh matur ka Kangjeng Nabi, manéhna ngahaturkeun salam sembah ka Kangjeng Nabi Muhammad ti Isa Nabiyullah. Sanggeus kitu, Kiyai Sahroh matur yén saupama manéhna tepi ka ajal, manéhna aya paneja sangkan mayitna dipulasara ku Kangjeng Nabi Muhammad. Teu lila, Kiyai Sahroh maca takbir, tuluy ditingali téh manéhna geus wafat. Sangeus tarapti, sakabéhna budal deui muru pasangrahan. Tuluy saré didinya.

Kacaritakeun geus isuk. Sakabéhna tuluy budal. Teu lila eureun deui di hiji tempat, masangrahan di dinya. Nalika panonpoé geus surup, aya hiji jalma nyampeurkeun tuluy matur ka Kangjeng Nabi Muhammad. Manéhna matur yén Kangjeng Nabi Muhammad kudu sing titi, sabab di dinya téh loba paling. Kacaritakeun geus peuting, ka dinya téh loba nu ngajugjug, karepna arék maling. Meneran ka palebah Kangjeng Nabi Muhammad, ngadakadak bumi téh beulah ngaburial bijil cai. Kangjeng Nabi Muhammad awas ningali ka nu maling, sedengkeun éta nu maling henteu awas ningali ka Kangjeng Nabi Muhammad. Kangjeng Nabi Muhammad sedih kacida ku sabab kadatangan nu maling. Ngadak-ngadak aya soara nu matur yén Kangjeng Nabi Muhammad ulah ngarasa risi duméh kadatangan nu maling. Éta nu maling moal bisa kukumaha sabab kahalangan ku cai nu ngaburial bijil ti bumi. Sanggeus nempo nu maling téh, Abu Jahal matur yén manéhna kaduhung milu jeung rombongan Muhammad. Abu Jahal tuluy budal jeung baturna henteu nyésa. Geus kitu tuluy Abu Jahal téh

diburu ku cai, diudag dikukuntit. Kabéh capé kacida, sarta pada bengis ka Abu Jahal. Tuluy batur-baturna pada matur rék balik deui kumpul jeung Kangjeng Nabi.

Kangjeng Nabi Muhammad geus tunggang onta, ti dinya téh jengkar deui. Geus tepi ka hiji tempat, di Tegal Alas, Kangjeng Nabi Muhammad tuluy masangrahan di dinya. Onta-onta geus dicangcang, barang dagangan geus tarapti diteundeun. Kacaritakeun isukna, Kangjeng Nabi Muhammad geus nitih deui, tuluy kabéh pada jengkar. Sajajalan diiring ku manuk, dipayungan méga bodas, sarta kai-kai di sisi jalan ngadakadak karembangan sareungit, sarta ngadak-ngadak buahan aramis. Tapi, sanggeus liwat Kangjeng Nabi Muhammad, éta kembang nu sareungit jeung buah kai nu aramis téh ngadak-ngadak balik deui ka asal, da puguh lain usumna.

Kacaritakeun ngan tinggal sakeudeung deui lalampahan ka nagara Syam téh cunduk. Jalma-jalma urang Syam téh kagét ningali cahya hurung ka kota Syam nagari. Cahya Kangjeng Nabi Muhammad tingbaranyai, tinggurilap, tingkaretip ngahibaran ka kota Syam nagari. Kacatur Raja Syam nagari kagét ningali kaayaan di kota Syam nagari. Tuluy nujum Sidiq matur ka Kangjeng Raja yén urang téh kadatangan ratuna saalam dunya, Nabi ahir jaman. Kangjeng Raja geuat dangdan, mapag Kangjeng Nabi Muhammad.

Sanggeus dipapag sarta disuguhan pirang-pirang kadaharan, Kangjeng Nabi Muhammad tuluy ménta idin yén anjeunna rék ngéntépkéun barang-barang, seja balantik. Kangjeng Raja tumut kana paméntana Kangjeng Nabi Muhammad. Geus kitu, sakabéhna pada masangrahan di dinya, di kota Syam nagari. Barang dagangan geus rapih, tuluy aya hiji jalma urang Syam anu alim. Manéhna ningalian barang dagangan Kangjeng Nabi Muhammad. Tuluy manéhna balik deui ka imahna, mawa rupa sagala bubuhan. Ganas, kadu, pisitan, cengkir, kawéni, hui, jagong, cau, jambu, jeung pirang-pirang kadaharan urang lembur dibawa ka pasangrahan, rék disanggakeun ka Kangjeng Nabi Muhammad. Sanggeus kitu, Ki Patinggi téh matur yén manéhna sanggup pikeun

ngadagangkeun barang dagangan Kangjeng Nabi Muhammad. Kacida pisan payuna éta barang dagangan téh, pirang-pirang tikel bati disanggakeun ka Kangjeng Nabi Muhammmad.

Loba urang kapir datang rék meuli barang ka Ki Mas Patinggi. Urang kapir pada héran ningali Kangjeng Nabi Muhammad, henteu béda jeung panonpoé, hurung mancur cahya patingkaretip sarta seungitna kalangkung. Urang kapir téh rempug rék maéhan Kangjeng Nabi Muhammad. Kacatur isukna, Kangjeng Nabi Muhammad dibawa ka imah jalma nu opatan. Kangjeng Nabi Muhammad diuk di handapeun lawang, di luhurna digantungan batu anu kacida gedéna. Éta batu gédé téh paranti maéhan jelema. anu sahiji jalma tuluy naék ka luhur loténg rék ngarag-ragkeun éta batu. Tapi, nalika diangkat, éta batu téh teu pisan obah. Malah ngégél kana leungeun éta jalma. Beuki lila beuki pageuh ngégélna téh tambah tarik. Weléh leungeun teu bisa leupas tina éta batu, tepi ka locot pigeulangeunana. Tuluy éta jalma téh dibawa ka hareupeun Kangjeng Nabi Muhammad. Leungeun dua anu buntung paregat semet sikuna téh ku Kangjeng Nabi Muhammad ditarepkeun deui, henteu aya urutna pisan sarta henteu nyeri teu naon-naon. Éta jalma téh tuluy sujud ka Kangjeng Nabi Muhammad, manéhna totobatan bari ceurik ngabangingik. Kitu ogé batur-baturna pada ngambung kana suku Kangjeng Nabi Muhammad, sarta bari sumeja ka agama Kangjeng Nabi Muhammad.

Kacaturkeun geus bijil ti imah nu opatan, Kangjeng Nabi Muhammad diiring ku Abu Bakar. Di jalan manggih hiji jalma anu keur manday. Tuluy eureun di dinya, ningalikeun anu manday kacida pisan resepna. Éta panday téh boga niat goréng ka Kangjeng Nabi Muhammad. Manéhna meuleuman beusi sarta ditumpuk-tumpuk. Tapi éta seuneuna téh nyebrot, ngagulung jadi hiji ngan nyebrot ka manéhna wungkul. Tukang panday téh tutung saawak-awak. Tuluy manéhna nyembah totobatan. Éta tukang panday téh rék ngumpulkeun batur-baturna pikeun néwak Kangjeng Nabi Muhammad. Tapi Kangjeng Nabi Muhammad geus indit ti dinya.

Kacaritakeun, nalika geus tepi di pasangrahan, Kangjeng Nabi Muhammad jeung sabatur-baturna tuluy budal ti Syam nagari. Kangjeng Nabi Muhammad anu diiring, diaping ku Mantri Maisoroh sarta dibaturan ku Abu Bakar Sidiq. Di jalan manggih hiji jalma anu mukim. Ki Yusang ngaranna, gawéna téh nyembah berhala beurang kalawan peuting. Barang kadatangan Kangjeng Nabi Muhammad, Ki Yusang téh kacida bungahna. Tuluy Maisaroh Mantri nyaritakeun impian anu karandapan ku Nyi Khadijah Déwi. Nurutkeun Ki Yusang, éta Nyi Déwi Khadijah téh bakal jodoan Nabi.

Sakabéhna tuluy budal. Di jalan manggih hiji talga tapi henteu eureun. Tuluy manggih deui hiji tempat anu alus tur rata, masangrahan di dinya tarapti. Kangjeng Nabi Muhammad jeung sabatur-baturna neruskeun deui lalampahan. Wates nagara geus kaliwat, téréh cunduk ka Mekah nagari.

Kacaritakeun di Kaputrén, Nyi Khadijah Déwi téh ngimpi papanggih jeung Kangjeng Nabi Muhammad. Ti saprak meunang éta impian téh, Nyi Khadijah Déwi teu puguh nya laku, gawéna téh nganti-nganti anu datang. Sanggeus narima surat ti Maisaroh mantri, Nyi Khadijah Déwi téh kacida bungahna.

Anu dianti-anti téh kacaritakeun geus datang ka Mekah nagari. Urang Mekah kabéh budal, ningali anu datang. Nyi KaHatijah Déwi tuluy mapag Kangjeng Nabi Muhammad. Katingali cahyana moncorong. Palasodagar tuluy balik ka imahna. Kitu ogé Kangjeng Nabi Muhammad. Raja Abi Tholib sarta Déwi Hatijah kacida bungahna ningali putrana geus datang.

Kacaritakeun di Kaputrén, Nyi Khadijah Déwi ngimpi kadatangan kai gedé ka imahna, ngiuhan ka nagara Mekah. Éta rupa kai téh alus pisan, lir inten cahyana téh, sarta kembangan seungitna kawas kasturi. Tuluy Nyi Khadijah Déwi muka kitab Walid Sultan. Éta balukar impian téh, Nyi Khadijah Déwi bakal carogéan Nabi. Kitu deui dina kitab-kitab urang Mekah sarta dina kitabna Ki Mas Rokit. Sultan Walid jeung Nyi Khadijah Déwi ngirim utusan nyaéta Ki Mantri Maisaroh. Sedengkeun Raja Abi Tholib ngirm utusan nyaéta Ki Sayyidu.

Duanana geus sapuk yén Nyi Khadijah Déwi jeung Kangjeng Nabi Muhammad téh rék réndéngan.

Geus cunduk kana waktuna, Dén Putri Khadijah Déwi jeung Kangjeng Nabi Muhammad téh réndéngan. Lir bulan eujeung panonpoé. Kabéh pada suka bungah ningali.

Kacaritakeun dina umur 25 taun, Kangjeng Nabi Muhammad boga budak. Anu pangkolotna Jénab, anu kadua Siti Ruqoyah, anu katilu Siti Kulsum, anu kaopat Radén Qosyim, anu kalima Abdullah.

Nalika umur 30 warsih jeung leuwihna tilu taun, Kangjeng Nabi Muhammad boga gerwa deui, nyaéta Nyi Fatimah Déwi. Geulisna kasohor, anu jadi ratu istri kabéh, saeutik ogé euweuh cacadna.

Kacaritakeun, Gusti Nu Maha Suci maréntahkeun malaikat turun ka dunya pikeun miceunan sakabéh berhala sarta Masjid Harom kudu maké opat lawang.

Dina umur 38 taun, Kangjeng Nabi Muhammad ningali cahya kuwung-kuwungan melengkung. Tuluy aya soara anu nyeluk-nyeluk ka Kangjeng Nabi, tapi henteu katingali rupana. Sarta éta sora téh ngan kadangu ku Kangjeng Nabi Muhammad wungkul. Kangjeng Nabi Muhammad tuluy indit ka luhur gunung. Genep poé genep peuting nungguan di luhur gunung. Ari poé katujuhna, Kangjeng Nabi balik ka imahna, tuluy nyaritakeun sagala rupa anu kaalamanana ka Nyi Khadijah Déwi.

Isukna, Kangjeng Nabi Muhammad jeung Nyi Khadijah Déwi arindit ka luhur gunung. Nyi Khadijah Déwi kacida reuaseunana ningali cahya hurung mancur. Tapi, éta cahya téh musna geus tampa karana. Geus sapoé jeput weléh baé henteu aya. Nalika poé geus burit, Kangjeng Nabi Muhammad jeung Nyi Khadijah Déwi baralik ka imahna. Isukna, Kangjeng Nabi Muhammad indit deui ka gunung sorangan. Éta soara jeug cahya anu hurung mancur téh teu pegat beurang jeung peuting.

Kacaritakeun, umur Kangjeng Nabi Muhammad nincak 40 taun. Éta téh mangsa jumenengna Nabi. Nalika di malem Jumaah, bulan Rabiul Awal tanggal

18, datang utusan Yang Manon. Nyaéta Malaikat Jabroil diutus sangkan Kangjeng Nabi Muhammad asup kana fidinillah, asup kana agama Islam.

Di Jabal Haram, Kangjeng Nabi Muhammad diuk di handapeun kai, beurang peuting henteu indit. Heuleut sapoé, datang deui malaikat Jabroil. Tapi ngan ukur ngomong sakecap. Kitu saterusna heuleut sapoé. Kangjeng Nabi Muhammad dibéré sinjang anu hurung mancur ti Robbul Aalamiin. Saeusining bumi tujung jeung langit tujuh sakabéhna dipaparinkeun ka Kangjeng Nabi Muhammad. Sarta ayeuna Kangjeng Nabi Muhammad jumeneng Nabi utusan.

Kangjeng Nabi Muhammad ku malaikat Jabroil dititah maca surat Alaq. Kangjeng Nabi cicing di Jabal Harom, malaikat Jabroil tuluy balik deui ka langit. Kacaritakeun Kangjeng Nabi Muhammad tuluy turun ti luhur gunung, balik ka imahna. Semuna lesu eujeung pias, bakat ku reuas kacida. Sakabéh anu kaalaman di gunung téh dicaritakeun ka Nyi Khadijah Déwi jeung ka Ki Mas Rokit. Ki Mas Rokit tuluy matur alamatna yén Kangjeng Nabi dibéré sinjang sahiji nyaéta pertanda ngajenengkeun Kangjeng Nabi Muhammad jadi nabi ahir jaman.

Nyi Khadijah Déwi tuluy dipapatahan maca sahadat. Nyi Khadijah Déwi téh geus asup Islam. Kitu deui Abu Bakar jeung Ki Sayyidu. Sanggeus Ki Sayyidu asup Islam, sakabéh tatanggana téh dititah asup Islam. Kitu ogé tatanggana Abu Bakar. Sakabéhna anu datang ka Kangjeng Nabi téh dipapatahan kudu asup Islam, saperti lima bopati nyaéta Ki Saduhum, Abdul Mu'in, Ki Walikah, Ki Hudman, jeung Ki Sahidu.

Kangjeng Nabi Muhammad téh indit deui ka Jabal Harom. Tapakur meunang sapeuting. Tuluy datang Jabroil mawa surat Muzzamil jeung Alaq. Kangjeng Nabi Muhammad dititah abdas sarta dipapatahan solat. Sanggeus kitu, tuluy balik ka imahna. Sakur anu anut agama kabéh dipapatahan solat. Tapi pada nyumput sieun kapanggih ku urang kapir. Salila tilu bulan téh urang Islam solat henteu kapanggih ku kapir.

Kaopat bulanna, datang malaikat Jabroil mawa Quran, sarta malaikat Jabroil matur yén Kangjeng Nabi Muhammad kudu solat ulah bari nyumput-

nyumput. Kudu di tempat anu kaciri ku batur. Tuluy Kangjeng Nabi Muhammad paparéntah ka umatna anu anut Islam, loba anu lalajo urang kapir. Urang kapir tuluy paséa jeung Ki Sayyidu. Urang kapir pada kawalahan. Teu lila, loba urang kapir datang rék asup agama suci. Kangjeng Nabi Muhammad kacida bungahna.

Kacaritakeun aya ogé urang kapir anu keur sujud kana berhala. Ki Sayyidu datang tuluy mamatahan ka urang kapir. Pada ambek sakabéh urang kapir ngadéngé omongan Sayyidu. Urang kapir rerempugan rék maéhan Kangjeng Nabi Muhammad.

Kacatur Raja Abi Tholib unggal poé dipapatahan sangkan asup ka agama anyar, tapi keukeuh Raja Abi Tholib iman ka agama tihela. Kitu deui Kangjeng Nabi Muhammad, keukeuh sanajan kapir-kapir urang Mekah rék pada maéhan ogé, henteu sieun henteu reuas.

Urang Kapir teu béakkeun akal, maranéhna rék nukeuran Kangjeng Nabi Muhammad jeung budak lalaki, sartana dipasrahkeun ka Raja Abi Tholib. Kangjeng Nabi Muhammad rék dipiceun ka luar Mekah. Raja Abi Tholib kacida ngambekna, urang kapir tuluy mundur.

Kacaritakeun Kangjeng Nabi Muhammad tambah keras maréntahna, nitah anut Islam. Beuki loba jalma anu anut agama Islam. Geus hampir saparo urang kapir anu anut Islam. Anu sawaréhna deui, tetep ngarah Kangjeng Nabi. urang kapir rerempugan ruang-riung. Tapi ngan saukur oongan, euweuh anu kaduga madep ka Kangjeng Nabi Muhammad téh, kacida sieuneunana urang Kapir.

4.4 Analisis Struktural *Wawacan Siti Khadijah Dagang*

4.4.1 Palaku jeung Watek Palaku

Dina hiji carita pasti aya palaku anu ngalalakon. Éta palaku téh miboga pancén pikeun ngalaksanakeun atawa mawa tema carita ka sasaran anu tangtu. Palaku bisa dibagi jadi tilu rupa, nyaéta palaku utama atawa palaku kahiji (protagonis), palaku kadua nyaéta anu marengan, mantuan atawa jadi lawan palaku utama (antagonis), jeung palaku tambahan.

a) Palaku Utama

Palaku utama nu aya dina *Wawacan Siti Khadijah Dagang* nyaéta Kangjeng Nabi Muhammad jeung Nyi Khadijah Déwi. Dua tokoh ieu téh kacaritakeun dina leunjeuran carita ti awal nepi ka ahir.

1. Kangjeng Nabi Muhammad

Kangjeng Nabi Muhammad nyaéta Nabi kakasih Gusti Alloh, jungjunan alam anu digusti.

(0003) Gusti mursal nyata Kangjeng Nabi,
 Muhammada sombibih modat,
 Nabi kakasih Yang Manon,
 ari saparantos kitu,
 nya ieu anu digusti,
 lalakon jungjunan urang,
 nabina Yang Ngagung,
 Muhammaddinil mustofa,
 tina kawit dikukut ku Abi Tholib,
 rajana nagara Mekah.

Watek Kangjeng Nabi Muhammad anu nyampak dina ieu wawacan, nyaéta nurut ka nu jadi kolot, éraan, gedé karep (soson-soson kana pagawéan), salawasna sukurana ka Pangéran, panceg (kukuh imanna), alim, nurut kana paréntah, tanggung jawab, gedé kawani, jeung keukeuh.

(1) Nurut ka nu jadi kolot.

Éta sikep téh katingali nalika Raja Abi Tholib ngawurukan ka Kangjeng Nabi Muhammad, Kangjeng Nabi tungkul ngadangukeun piwuruk Raja Abi Tholib tuluy ngawalon pikeun nurut kana piwurukna.

(0018)
 éta kitu piwurukna,
 Abi Tholib Ratu,
 Jeng Nabi hanteu// ngajawab,
 tungkul baé ngadangukeun bari calik,
 Raja éwed mamanahan.

(0019)
 Jeng Nabi énggal ngawalon,
 sumangga Ua kulanun,
 bungah Raja Abi Tholib,

putra téh aya sanggemna,
manurut ka sepuh,
Nabi nyaur dina manah,
boa ayeuna piwuruk Ua ka aing,
coba arék dilampahan.

(2) Éraan

Sikep éraan Kangjeng Nabi Muhammad téh katingali nalika gunem catur jeung Raja Abi Tholib, anjeunna nyanggupan ngadeuheus ka Nyi Khadijah saupama eukeur euweuh jelema, sedengkeun lamun loba jelema anjeunna moal werat ku sabab éra.

(0020)

mangga Ua jisim kuring,
ngadeuheus ka Nyi Khadijah,
tapi lamun suwung,
eukeur teu aya jalma,
kuring sanggem lamun loba jalma isin,
sim kuring téh moal werat.

(3) Gedé karep, soson-soson kana pagawéan.

Sikep gedé karep Kangjeng Nabi Muhammad (soson-soson kana pagawéan) téh katingali tina paguneman antara Hatijah Déwi jeung Nyi Khadijah Déwi nyaritakeun yén Kangjeng Nabi Muhammad téh gedé karep hayang diajar dagang.

(0049) Eujeung punjulna sabulan,
atuh geus gedé téh teuing,
sasat geus bujang tenggeran,
panginten geus gaduh pikir,
punulihna téh ka embi,
sanggemna téh langkung-langkung,
bet hayang diajar dagang,
milu jeung nu loba jalmi,
ku kituna éta sanggemna pun anak.

(4) Salawasna sukuran ka Pangéran

Sikep Kangjeng Nabi Muhammad anu salawasna sukuran ka Pangéran téh katingali nalika anjeunna ngucap sukur, muji ka Robbul Aalamiin kana pirang-pirang pangasihna Alloh Ta'ala.

(0059)

kacarios Kangjeng Nabi,
ngadangu bibina matur,
teu kinten sukur// manahna,
muji ka Robbul 'Aalamiin,
pirang-pirang pangasih Alloh Ta'ala.

(5) Alim

Sikep Kangjeng Nabi Muhammad anu alim téh digambarkeun ku Malaikat Jabroil nalika nepikeun wahyu ka Kangjeng Nabi Muhammad. Malaikat Jabroil matur yén Kangjeng Nabi Muhammad téh jalma anu pangalim-alimna hanteu aya papadana.

(0954) Tuan nu digusti-gusti,
ku sadaya nu kumelar,
sareng deui gamparan téh,
anu pangalim-alimna,
anu yasa maca kitab,
tataq patith sakitu,
hanteu aya papadana.

(6) Panceg (kukuh imanna)

Sikep Kangjeng Nabi Muhammad anu panceg (kukuh imanna) téh kagambarkeun ku omongan Malaikat Jabroil nalika gunem catur jeung Kangjeng Nabi Muhammad.

(0956) Istu punjur pirbadi,
sim kuring kalintang bungah,
yén salira gamparan téh,
nu jadi pangpunjurna,
sartana téh iman tuan,
anu langkung kukuh,
langgeng hanteu pisan owah.

(7) Nurut

Éta sikep téh katingali nalika Kangjeng Nabi Muhammad nurut milampah wahyu anu diturunkeun ku Alloh ngaliwatan malaikat Jabroil.

Wahyu anu diturunkeun nyaéta ngeunaan paréntah solat lima waktu.

- (1016) Pertingkahna anu solat,
 sarta lajeng Jabroil solat jeung Nabi,
 Nabi anu jadi ma'mum,
 Jabroil nu jadi imam,
 Kangjeng Nabi nurutkeun baé di pungkur,
 sapolahna imam téa,
 diturut ku Kangjeng Nabi.

(8) Tanggung jawab

Éta sikep téh katingali nalika Kangjeng Nabi narima wahyu ti Alloh ngaliwatan malaikat Jibril ngeunaan paréntah solat lima waktu, Kangjeng Nabi tuluy ngawurukan Nyi Khadijah Déwi sarta sakabéh anu geus anut agama Islam.

- (1018) Gerwana diwuruk solat,
 jeung sadaya sakur nu anut agama,
 sakabéh enggeus diwuruk,
 bakuna Mas Abu Bakar,
 jeung// liana tatanggana kabéh milu,
 Kangjeng Nabi lajeng solat,
 anu loba kabéh ngiring.

(9) Gedé kawani

Éta sikep téh katingali nalika lalampahan ka nagara Syam, di jalan téh manggih béja yén di hareupeu bakal manggih balai, nyaéta aya oray gedé kacida, huluna ngajentul sagedé gunung sarta galakna teu kira-kira.

Kangjeng Nabi Muhammad sorangan nyampeurkeun ka éta oray.

- (0324) Ngan nyalira Kangjeng Nabi,
 teu pisan miris persemon,
 dina leuweung téh ngurusuk,
 nyandak réncang sahiji,
 teu kinten ageung manahna,
 teu pisan mundur kersana.

Sanggeus wani nyampeurkeun oray, Kangjeng Nabi Muhammad ogé wani nyampeurkeun singa anu kacida gedéna, rupana matak gila, soarana ngagerung gunung jeung sagara, sarta sok ngahakan sakur nu ngaliwat kadinya.

(0394) Ka sadaya réncang-réncang sami,
entong milu ka dieu dagoan,
arék ka ditu kula téh,
jeung singa hayang patepung,
lajeng lungsur Kangjeng Nabi,
éta tina luhur onta,
Nabi angkat tuluy,
badarabat baé angkatna,
sareng nyandak teteken sahiji encis,
diiring ku Abu Bakar.

Lian ti éta, éta sikep téh katingali sanggeus Kangjeng Nabi Muhammad narima wahyu ti Alloh ngaliwatan Malaikat Jibril, Kangjeng Nabi langsung maréntah sakur anu anut agama Islam kudu solat dina tempat terang, ulah bari nyumput-nyumput, sarta ulah sieun ku jalma kapir.

(1022) Nabi lajeng paparéntah,
ka umatna sakur nu anut ka Nabi,
aéh sakabéh batur-batur,
umat nu geus pada Islam,
urang solat entong bari nyumput-nyumput,
urang dina tempat terang,
entong sieun entong risi.

Sanajan urang kapir geus boga niat rék maéhan Kangjeng Nabi, tapi Kangjeng Nabi henteu ngarasa bingbang.

(1104) Éta ku salira Ua,
najan dék pada maéhan,
kapir-kapir urang Mekah,
abdi moal ngaraos bingbang.

(10) Keukeuh, heuras

Éta sikep téh katingali nalika Kangjeng Nabi jeung Ki Sayyidu saban poé maréntah ka urang kapir sangkan kudu salin ka agama anyar (Islam),

ninggalkeun agama kuna sarta miceunan jeung ngaruksak sakabéh sesembahanana urang kapir.

(1057) Saban poé diparéntah,
ku Sayyidu sareng putra,
yén kudu salin agama,
karana agama anyar.

Sanajan Raja Abi Tholib geus ngedalkeun sagala piwurukna sarta sanajan urang kapir rék maéhan, Kangjeng Nabi Muhammad keukeuh maréntah sakabéh jalma sangkan salin agama anyar (Islam).

(1103) Ua// geus kahartos pisan,
sadaya piwuruk Ua,
tapi mungguhing kang putra,
geus moal kénging dicaram.

Sikep Kangjeng Nabi Muhammad anu keukeuh/heuras téh digambarkeun ku omongan urang kapir.

(1072) Ku urang-urang ku beunang,
éta téh jadi pertanda,
alamat yén budak keras,
rempug déwék ayeuna mah,
urang meungpeung budak,
geus beunang urang paéhan.

2. Nyi Khadijah Déwi

Nyi Khadijah Déwi nyaéta putrana Sultan Walid. Sodagar beunghar tur punjur di nagara Mekah.

(0009)
aya sahiji jelema,
istri leuwih mashur,
kakasih Déwi Khadijah,
kamashurkeun sugih dunya loba duit,
putrana sang Walid Sultan.

(0782)
pihaturan abdi atuh,
Muhammad tepung kadinya,
hiji alus rupana,
di nagara Mekah punjur,
kadua luhur bangsana.

(0783) Pinter alim sarta rajin,
 jeung sugih dunya barana,
 bangsana luhur sakabéh,
 hanteu aya kuciwana,

.....

Watek Nyi Khadijah Déwi anu nyampak dina ieu wawacan, nyaéta handap asor amis budi, daréhdéh jeung akuan, balabah lébar tangan sugih mukti, sarta karunyaán ka jelema; salawasna sukuran ka Pangéran, bijaksana, maliré (perhatian), pinter, alim, sarta rajin, soméah, satia, jeung sopan/alus tatakramana.

(1) Handap asor amis budi, daréhdéh jeung akuan, balabah lébar tangan sugih mukti, sarta karunyaán ka jelema.

Éta sikep téh katingali nalika keur loba jelema anu datang ka imahna pikeun nginjeum modal.

(0011) Loba jalmi nu geus nginjeum duit,
 anu dagang rék niat momodal,
 nya ti dinya nginjeumna téh,
 sakarepna téh diturut,
 dipaparin ku Nyi Déwi//,
 sakumaha kahayangna,
 teu aya nu luput,
 sartana gamparan jangjina,
 tatapina lolobana maparo batí,
 aya anu sasukana.

(0056) Tah kitu nya raraosan,
 ku tina bungah nya galih,
 wawandaning tuang putra,
 badé mundut modal duit,
 mangga baé geura sumping,
 arék sakumaha mundut,
 moal pisan diheureutan,
 najan kabéh benda kuring,
 rék dicandak ku tuan putra sumangga.

(0010) Putrana téh ngan éta sahiji,
 langkung rajin saniskanten,
 geulis jeung alus pasemon,
 di nagara Mekah punjul,

handap asor amis budi,
daréhdéh eujeung akuan,
istu matak lucu,
katambah eujeung beungharna,
jeung balabah lébar tangan sugih mukti,
karunyaán ka jelema.

(2) Salawasna sukuran ka Pangéran

Nalika panejana dikobul, Nyi Khadijah Déwi tuluy ngucap pirang-pirang rébu sukur ka Pangéran.

(0054)

kawas-kawas rék nekanan,
dikobul paneja aing,
pirang-pirang rébu sukur ka Pangéran.

(3) Bijaksana

Nalika Nyi Khadijah Déwi ngumpulkeun palasodagar anu rék indit ka nagara Syam, Nyi Khadijah Déwi ngedalkeun heula piwurukna kalawan sikep jeung basa anu merenah.

(0128) Hé kabéh palasudagar,
poma ulah aya anu sakit ati,
kula rék aya piwuruk,
nitipkeun ka sadaya,
poma pisan omat kula kudu ngagugu,
mihapé Radén Muhammad,
putra Raja Abi Tholib.

(4) Maliré (perhatian)

Sikep maliré (perhatian) Nyi Khadijah Déwi katingali nalika méré papatah ka Ki Mantri Maisaroh sangkan ngaraksa Kangjeng Nabi Muhammad.

(0142) Hé Ki Mantri Maisaroh,
nya ngaraksa manah masing ati-ati,
ulah Kangjeng Radén Muhammad,
jalma anyar tacan weruh lumaku,
kakara ayeuna angkat,
diajar dagang balantik,
mantri jawab sumangga.

(5) Pinter, alim, sarta rajin

Sikep pinter, alim, sarta rajin Nyi Khadijah Déwi kagambarkeun ku Raja Abu Tholib nalika anjeunna keur gunem catur jeung kulawargana ngeunaan lamaran ti Nyi Khadijah Déwi.

(0783) Pinter alim sarta rajin,
jeung sugih dunya barana,
bangsana luhur sakabéh,
hanteu aya kuciwana,
.....

(6) Soméah

Sikep soméah Nyi Khaijah Déwi katingali nalika gunem catur jeung Kangjeng Nabi Muhammad.

(0078) Nyi Khadijah nyaur manis,
saha di nagara Mekah,
Kangjeng Ua anu ngaratu,
Bu Tholib kakasihna,
.....

(7) Satia

Éta sikep téh katingali nalika Kangjeng Nabi Muhammad semu lesu eujeung pias, Nyi Khadijah Déwi matur yén manéhna ogé milu gering, sarta embung ditinggalkeun ku Kangjeng Nabi Muhammad. Rék tumutur dunya ahérat.

(0965) Hé Gusti panutan abdi,
matur bari dumareuda,
ngangluh kunaon Gusti,
semu lesu sareng pias,
sim kuring ngiring teu damang,
kuring hanteu hayang kantun,
tumutur dunya ahérat.

(0966) Lara pati rayi ngiring,
sumangga geura popoyan,
mun kasawat dina naon,
mun susah-susah kumaha,
abdi téh paparin terang,

seug ngajawab Kangjeng Rosul,
kakang téh lain teu damang.

(8) Sopan/alus tatakramana

Éta sikep téh katingali nalika Nyi Khadijah Déwi ngadeuheus ka Kangjeng Nabi Muhammad. Nyi Khadijah Déwi ngadeuheus kalawan ta'dim sarta hurmat pisan.

(0981) Ki Mas Rokit enggeus mundur,
ti payuneun Kangjeng Nabi,
tuluy Nyi Déwi Khadijah,
ngadeuheus ka Kangjeng Nabi,
ta'dim sarta hurmat pisan,
lajeng muru Kangjeng Nabi.

b) Palaku Kadua

1. Raja Abi Tholib

Raja Abi Tholib nyaéta pamingpin di nagara Mekah, anu ngukut Kangjeng Nabi Muhammad.

(0003)
tina kawit dikukut ku Abi Tholib,
rajana nagara Mekah.

(0078) Nyi Khadijah nyaaur manis,
saha di nagara Mekah,
Kangjeng Ua anu ngaratu,
Bu Tholib kakasihna,
nyaéta nu ngukut kuring,
cicing téh kuring di dinya,
rama kuring téh sadérék.

(0082) Ka dieu téh linggih deui,
tatapi kedah sarengan,
Kang rama gamparan katong,
Abu Tholib Raja Mekah,
.....

(0048)
dikukut ku rama Nyai,
ku Sri Raja Abi Tholib,
dikukutna ti lelembut,
enggeus dongkap ka ayeuna,

sampé umurna téh Nyai,
enggeus aya salawé tahun yuswana.

Watek Raja Abi Tholib anu nyampak dina ieu wawacan, nyaéta bijaksana, maliré (perhatian), ngarojong/méré sumanget (ngagedékeun haté), kacida nyaacheunana ka anak, kukuh pengkuh kana agama, jeung buméla ka anak.

(1) Bijaksana

Sikep bijaksana Raja Abi Tholib téh katingali nalika hiji waktu Raja Abi Tholib gunem catur jeung rayi istri, nyaéta Nyai Hatijah. Raja Abi Tholib barempug jeung Nyi Hatijah ngeunaan sawanganana kumaha saupama Kangjeng Nabi Muhammad téh balajar diri, nyaéta sina diajar dagang.

(0004) Sadérékna Raja Abi Tholib,
hiji isteri kakasih Hatijah,
hiji mangsa kacarios,
kangjeng Raja// gunem catur,
nyaéta jeung rayi isteri,
aéh rayi Nyai Hatijah,
lamun rayi rempug,
éta gagan anak urang,
enggeus sedeng ayeuna balajar diri,
kumaha mun sina dagang.

(2) Maliré (perhatian)

Raja Abi Tholib maliré pisan kana kahirupan Kangjeng Nabi Muhammad ti bubudak nepi ka gedéna. Sagala diturut tur dijurung. Nepi ka kiwari geus gedé masih kénéh maliré ka Kangjeng Nabi Muhammad. Kabuktian tina kahayang Raja Abi Tholib sangkan Kangjeng Nabi Muhammad téh eureun ngangon kambing. Sabab Raja Abi Tholib ngarasa nista temen saupama Kangjeg Nabi Muhammad masih ngangon kambing.

(0007) Sareng Ujang jimat Ua Gusti,
keur baréto Ujang masih budak,
sakersa-kersa gagan téh,

kabéh ku Ua diturut,
duméh eukeur murangkalih,
keur palay ngangon ka tegal,
ku Ua dijurung,
tatapi ari ayeuna,
da geus ageung lamun masih ngangon kambing,
nista temen ka salira.

(0016) Mun teu kitu gagan téh nya galih,
coba saha nu ménakeun Ujang,
lamun teu ngurus anjeun téh,
da meureun Ujang téh tangtu,
jaga téh kagungan rayi,
nyaétang-étang diajar,
anjeun urus-urus,
peta nu ngalap kipayah,
supayana jaga ulah néngkas teuing,
ari enggeus gerehaan.

(3) Ngarojong, méré sumanget (ngagedékeun haté)

Raja Abi Tholib sok ngarojong, méré sumanget Kangjeng Nabi Muhammad sangkan henteu babari pegat pangharepan.

(0015) Ngan ingetan Ua dina galih,
raos// Ua moal gagal Ujang,
ningal nu parantos baé,
angen poma-poma enung,
bisi baé hanteu hasil,
gagan ulah rengat manah,
urang itung-itung,
salira gagan téh nganjang,
wawawuhan enung ulah isin-isin,
hanteu saé nu éraan.

(4) Kacida nyaahna ka anak

Raja Abi Tholib téh kacida nyaahna ka Kangjeng Nabi Muhammad anu dikukut ti leuleutik.

(0018) Pang sakitu Ua téh ka Gusti,
tina sabab hanteu kinten Ua,
ka salira nyaahna téh,
melangna kaliwat langkung,
.....

Raja Abi Tholib kacida nyaahna ka Kangjeng Nabi Muhammad, sanajan rék ditukeuran jeung sarébu nagara ogé moal dibikeun, euweuh timbanganana.

(1130) Nénjo ogé najis teuing aing embung,
sumawona aing nampa,
sanajan ku sia ogé,
ditukeuran najan sarébu nagara.

(1131) Mo dibikeun aing nyaahna kalangkung,
ka éta Radén Muhammad,
nya anak dulur aing téh,
mun dibobot geus euweuh timbanganana.

(5) Kukuh pengkuh kana agama

Sanajan Kangjeng Nabi Muhammad geus maréntah kudu salin agama anyar (Islam), Raja Abu Tholib tetep kukuh pengkuh kana agama anu tihela.

(1061) Raja Bu Tholib ngajawab,
andika ulah rék iman,
kami geus netepan,
ka agama nu tihela.

(6) Buméla ka anak

Éta sikep téh katingali nalika urang kapir datang rék nukeuran Kangjeng Nabi Muhammad jeung hiji budak lanang, Raja Abi Tholib kacida ambekna. Ti batan masrahkeun anak, Raja Abi Tholib ngabélaan paéh.

(1124) Hanteu ngumum anak dibikeun dibunut,
sia téh wawanianan,
dibélaan aing paéh,
jeung tibatan aing téh masrahkeun anak.

2. Déwi Hatijah

Déwi Hatijah nyaéta sadérékna Raja Abi Tholib.

(0004) Sadérékna Raja Abi Tholib,
hiji isteri kakasih Hatijah,
hiji mangsa kacarios,
kangjeng Raja// gunem catur,
nyaéta jeung rayi isteri,
.....

(0005)

Déwi Hatijah ngawangsul,
ngiring pisan jisim rayi,
sugan aya manah,
mangga baé saur,
ku raka teras lahiran,
lajeng baé dilulungsur Kangjeng Nabi,
kocapkeun baé geus dongkap.

Watek Déwi Hatijah anu kagambar dina ieu wawacan téh nyaéta kacida
nyaahna ka Kangjeng Nabi Muhammad,

(1) Kacida nyaahna ka Kangjeng Nabi Muhammad

(0048) Geus teu ibu geus teu rama,
hanteu kinten matak watir,
tatapi ari ayeuna,
dikukut ku rama Nyai,
ku Sri Raja Abi Tholib,
dikukutna ti lelembut,
enggeus dongkap ka ayeuna,
sampé umurna téh Nyai,
enggeus aya salawé tahun yuswana.

3. Sultan Walid

Sultan Walid téh nyaéta ramana Nyi Khadijah Déwi.

(0012)

raosna Sultan Walidu,
ningal putra langkung rajin,
jeung tambah-tambah asihna,
geus ngagunung-gunung,
teu aya timbangeunana,
ka putra téh menggah raos-raos abdi,
bawaning sangget asihna.

Watek Sultan Walid anu nyampak dina ieu wawacan, nyaéta kacida
nyaahna ka anak jeung salawasna sukuran ka Alloh.

(1) Nyaah ka anak

(0012)

raosna Sultan Walidu,
ningal putra langkung rajin,
jeung tambah-tambah asihna,

geus ngagunung-gunung,
teu aya timbangeunana,
ka putra téh menggah raos-raos abdi,
bawaning sangget asihna.

(2) Salawasna sukuran ka Alloh

Éta sikep téh katingali nalika Nyi Khadijah Déwi rék réndéngan jeung Kangjeng Nabi Muhammad, Sultan Walidu teu poho muji sukur ka Alloh, sabab anu kaalaman téh geus kersaning Alloh.

(0800) Éta pihaturna mantri,
yaktos jurungan pun anak,
terus sareng pun kakang téh,
kawas geus kersaning Alloh,
boga niatna sorangeun,
kakang mah ngan muji sukur,
pun anak kitu niatna.

4. Ki Mas Rokit

Ki Mas Rokit téh nyaéta tukang napsirkeun impian.

(0025)
dicarios ka Mas Rokit,
anu geus kaimpi téa,
sadaya ditutur,
hanteu aya nu kaliwat//,
lajeng lajeng jawab Ki Mas Rokit ka Nyi Déwi,
kieu balukar impian.

Watek Ki Mas Rokit anu kagambar dina ieu wawacan téh nyaéta pinter, tara nyalahana dina napsirkeun impian, jeung sopan/alus tatakratama, sok ngagedékeun haté.

(1) Pinter, tara nyalahana dina napsirkeun impian

Watek Ki Mas Rokit anu pinter, tara nyalahana dina napsirkeun impian téh digambankeun ku Nyi Khadijah Déwi.

(0751) Ari Nyi Khadijah Déwi,
Mas Rokit pan (...),
istu éta paman tulén,
asal ti Mesir Nagara,
anu mawi Nyi Khadijah,
nyebut paman nu saistu,

tambah kapinteranana.

- (0752) Sacipta-ciptana jadi,
terus tara pisan salah,
harita ngageuat baé,
Déwi Khadijah miwarang,
Mas Rokit dihaturanan,
énggalna baé geus cunduk,
Déwi Khadijah popoyan.

(2) Sopan/alus tatakramana.

Watek Ki Mas Rokit anu sopan/alus tatakramana téh katingali nalika manéhna ngadeuheus ka Sultan Walid. Nalika ngadeuheus téh, Ki Mas Rokit datangna bari nyembah.

- (0757) Nyembah matur Ki Mas Rokit,
sumuhun piraksa Sultan,
purwa marek sim abdi téh,
barengan putra gamparan,
saréh putra téh kagungan,
impian bet jadi kayu,
gedé di tengah bumina.

Kitu deui ka Kangjeng Nabi Muhammad, Ki Mas Rokit sujud kana sampéan Kangjeng Nabi Muhammad nalika unjukan pamit.

- (0980) Wangkid gamparan ka payun,
moal aya deui Nabi,
dongkap ka poé kiamah,
geus séép hatur Mas Rokit,
pék sujud// kana sampéan,
sumunggem nyuhunkeun pamit.

(3) Sok ngagedékeun haté

Éta sikep téh katingali nalika Ki Mas Rokit matur ka Kangjeng Nabi Muhammad sangkan ulah susah manah nyanghareupan jalma anu bakal mungkir kana bebeneran anu ditepikeun ku Kangjeng Nabi Muhammad.

- (0978) Mas Rokit mindo miunjuk,
sumuhun panuhun abdi,
Gamparan ulah rék susah,
réh bakal loba nu mungkir,

anu baha ka gamparan,
éta ulah miris galih.

5. Emban-emban

Emban-emban nyaéta pagawé Nyi Khadijah Déwi, anu purah ditutuh-titah.

(0067)

coba téang emban geuat,
kadieu téh haturana,
nyai emban gancang turun,
jeung Kangjeng Nabi geus tepang.

(0068) Emban matur ka Nabi,
gamparan digingsir lenggang,
ku endén Putri ka jero,

.....

Watek emban-emban anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta nurut kana sagala paréntah Nyi Khadijah Déwi.

(1) Nurut

Éta sikep téh katingali nalika diparéntah ku Nyi Khadijah Déwi, emban-emban téh geuat indit bari nyembah.

(0707)

nyai emban nyembah indit,
énggalna baé geus dongkap,
ngadeuheus ka Sri Bopati.

6. Abdurrohman jeung Abdurrohim

Abdurrohman jeung Abdurrohim téh nyaéta ahli pala. Pala (palak) nyaéta élmu nu ngabahas bintang-bintang jeung béntang-béntang di langit. Abdurrohman jeung Abdurrohim téh tukang napsirkeun impian.

(0027)

karék kitu jol nu datang,
dua jalma cunduk,
kamashurkeun ahli pala.

(0028) Abdurrohman nu kadua Abdurrohiim,
Déwi Khadijah haturan,
nyarioskeun impian anu tadi,

dicarioskeun teu aya nu kaliwat,
 anu duaan ngawalon,
 balukarna éta tangtu,
 bakal carogéan Nyai meunangkeun ka Nabiyullah,
 kakasihna mashur,
 Nabi Muhammad namana,
 éta bakal natat geusanana Nabi.

Watek Abdurrohman jeung Abdurrohim anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta pinter.

(1) Pinter

Abdurrohman jeung Abdurrohim téh ahli dina napsirkeun impian. Nalika maranéhna napsirkeun impian Nyi Khadijah Déwi, harti impian anu dijéntrékeun ku maranéhna téh bener (henteu nyalahana), sarua jeung panyaturna Ki Mas Rokit.

(0037)

kitu ceuk nu dua jalmi,
 kamanah ku Nyai Déwi,
 ngahuleng Nyai teu nyaur,
 terus temen eujeung paman,
 panyatana paman Rokit,
 enya kitu pisan teu aya bédana.

7. Ki Mantri Maisaroh

Ki Mantri Maisaroh téh nyaéta padagangna Nyi Khadijah Déwi, utusan Nyi Khadijah Déwi anu dagang ka nagara Syam.

(0127) Nyi Khadijah ogé dagang,
 enyaéta padagangna hiji mantri,
 pinter berbudi kalangkung,
 kakasihna Maisaroh,

(0774) Ngawalonan Kangjeng Nabi,
 utusan Déwi Khadijah,
 anu sarengan abdi téh,
 dagang ka nagara Esam,
 ngarana téh Maisaroh,
 Raja Bu Tholib ngadangu,
 tambah suka dina manah.

Watek Ki Mantri Maisaroh anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta pinter berbudi kalangkung, nurut kana sagala paréntah, satia, jeung tanggung jawab.

(1) Pinter berbudi kalangkung

Sikep Ki Mantri Maisaroh anu pinter berbudi kalangkung téh katingali tina gambaran pangarang ngeunaan Ki Mantri Maisaroh.

(0127) Nyi Khadijah ogé dagang,
enyaéta padagangna hiji mantri,
pinter berbudi kalangkung,
kakasihna Maisaroh,
.....

(2) Nurut kana sagala paréntah

Ki Mantri Maisaroh téh nurut kana sagala paréntah, boh paréntah ti Nyi Khadijah Déwi boh paréntah ti Kangjeng Nabi Muhammad.

Sikep Ki Mantri Maisaroh anu nurut kana sagala paréntah Nyi Khadijah Déwi téh katingali nalika Nyi Khadijah Déwi ngedalkeun piwurukna saméméh rombongan indit ka nagara Syam. Ki Mantri Maisaroh nyanggupan bakal ngaraksa Kangjeng Nabi Muhammad sarta bakal nuliskeun dina buku sagala lalampahan anu kapanggih di jalan.

(0142) Hé Ki Mantri Maisaroh,
nya ngaraksa manah masing ati-ati,
ulah Kangjeng Radén Muhammad,
.....
jalma anyar tacan weruh lumaku,
kakara ayeuna angkat,
diajar dagang balantik.

(0143) Mantri jawab sumangga,
palasudagar amit ka Khadijah Déwi,
sadaya sami pahibut,
.....

(0255) Geus tarapti mandi ngala cai putus,
énggalna geus jangkar deui,
tarunggang onta di luhur,

tuluy Maisaroh mantri,
téretéh nulis ngadepong.

- (0256) Dituliskeun lampah-lampah Kangjeng Rosul,
sakumaha nu kapanggih,
dieusikeun kana buku,
hanteu aya anu kari,
di payun deui katémbong.

Sikep Ki Mantri Maisaroh anu nurut kana paréntah Kangjeng Nabi Muhammad téh katingali nalika manéhna geuat ngalaksanakeun paréntah Kangjeng Nabi Muhammad, nyaéta méréskeun barang-barang kana onta.

- (0365)
Nabi maréntah,
ka Ki Maisaroh mantri.

- (0366) Ngamomotekan barang-barang kana onta,
tuluy Maisaroh mantri,
ngamomot sakabéh barang,
énggalna enggeus sadia,
.....

(3) Satia

Sikep Ki Mantri Maisaroh anu satia téh katingali nalika lalampahan ka nagara Syam. Ki Mantri Maisaroh satia ngiring Kangjeng Nabi ti tukang. Ki Mantri Maisaroh tara pisan jauh ti Kangjeng Nabi Muhammad.

- (0321) Jeng Nabi lajeng diiring,
ku Ki Maisaroh anom,
saréncangna hanteu kantun,
ngan Ki Abu Jahal hiji,
jeung nu loba ngadagoan,
teu milu nyampeurkeun oray.

(4) Tanggung Jawab

Sikep tanggung jawab Ki Mantri Maisaroh téh katingali nalika manéhna kacida melangna ka Kangjeng Nabi Muhammad. Lantaran Nyi Khadijah Déwi geus ngawanti-wanti mihapékeun Kangjeng Nabi Muhammad ka

manéhna. Ki Mantri Maisaroh kacida melangna nalika Kangjeng Nabi Muhammad ngajugjug ka imah kapir anu rék meuli barang daganganana.

(0598)

eujeung mantri Maisaroh,
hanteu kinten melangna téh dina galih,
ti barangna Nabi jengkar

8. Abu Jahal

Abu Jahal nyaéta sodagar anu milu dagang ka nagara Syam jeung rombongan Nyi Khadijah Déwi. Abu Jahal téh sodagar anu pang sugihna, punjur di nagara Mekah.

(0125) Disebut hiji-hijina,
hiji Jubair kadua ngaran Ki Haris,
Ki Qiyyas anu katilu,
kaopat Abu Jahal,
kalimana Abu Shopiyyah disebut,
kageneppna Abu Bakar,
katujuhna Abdurrahman.

(0126) Sakur-sakur anu kaya,
nu di Mekah sakabéh pada sarugih,
ari pang sugihna punjur,
enyaéta Abu Jahal,
.....

Watek Abu Jahal anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta bengis (euweuh ras-rasanana), nurut, gedé ambek, sompong, bedegong (sok mawa karep sorangan), suudon (sok mikir goréng ka batur), dengki, angkuh, jeung goreng ati belang bayah.

(1) Bengis (euweuh ras-rasanana)

(0482) Ki Abu Jahal kacatur,
sarehna ningali paling,
pating geremet di luar,
tuluy ngomong pada bengis,
kapok milu jeung Muhammad,
hayu batur urang nytingkir.

(2) Nurut kana paréntah

Éta sikep téh katingali nalika saméméh indit ka nagara Syam, sakabéh palasodagar téh kumpul heula di imahna Nyi Khadijah Déwi pikeun ngadéngékeun sagala piwurukna.

- (0124) Kedah di dieu rerebna,
 sadayana rék diparéntah ku kuring,
 énggal Kangjeng wangsul,
 kacatur Déwi Khadijah,
 pék nyauran para sudagar karumpul,
 di bumi Déwi Khadijah,
 ngaranna sahiji-sahiji.

- (0125) Disebut hiji-hijina,
 hiji Jubair kadua ngaran Ki Haris,
 Ki Qiyas anu katilu,
 kaopat Abu Jahal,
 kalimana Abu Shopiyah disebut,
 kagenepna Abu Bakar,
 katujuhna Abdurrahman.

(3) Gedé ambek

Éta sikep téh katingali nalika di jalan lalampahan ka nagara Syam ontana Abu Jahal teu daékkeun maju. Abu Jahal kacida ambekeunana sarta éta onta téh tambah-tambah dirangkét ku Abu Jahal.

- (0167) Abu Jahal hanteu kinten kaku,
 ambekkeun pisan ka onta,

- (0168)
 geus kitu Ki Abu Jahal,
 tambah-tambah benduna téh,
 ti batan daékkeun leumpang,
 teu pisan obah onta téh,
 Abu Jahal tambah-tambah ngarangkétna.

(4) Sombong

Éta sikep téh katingali nalika manéhna hayang jadi pangingpin rombongan. Abu Jahal ngarasa manéhna anu paling nyaho sarta anu paling loba pangalamanana lalampahan ka nagara Syam.

- (0154) Kami sanggup kacida,

sabab gua leumpang ka Esam palagi,
ngambah jalan dua tahun,
datang ka tatanya,
sabab aku sudah// dua tiga puluh,
berlayar sampai di Esam,
aku tida mucung budi.

(5) Bedegong, sok mawa karep sorangan

Éta sikep téh kagambankeun ku omongan sodagar séjén anu ngarasa kaduhung dipingping ku Abu Jahal. Sakabéhna ogé pada mpuas ka Abu Jahal.

- (0172) Ceuk sawaréh coba tambahan ku tumbuk,
sugan kurang keras,
bongan jalma sok bedegong,
bebeneran sok mawa karep sorangan.

(6) Suudon (Sok mikir goréng ka batur)

Éta sikep téh katingali nalika lalampahan ka nagara Syam téh terus-terusan meungan halangan-harungan. Sagala halangan-harungan téh ku Abu Jahal dituduhkeun mangrupa perbawa ti Kangjeng Nabi Muhammad anu milu jeung rombonganana.

- (0232)
Ki Abu Jahal pok ngomong,
hé Athobah nu matak sakieu urang.

- (0233) Éta tangtu ku sabab Muhammad milu,
babarengan eujeung urang,
téh kieu perbawana téh,
.....

(7) Dengki

Éta sikep téh katingali nalika manéhna kukulutus di jero haté. Abu Jahal téh kacida ngéwana ka Kangjeng Nabi Muhammad.

- (0266)
awak aing turun cadu,
embung reureujeungan deui,
eujeung Muhammad sagolong.

(8) Angkuh

Éta sikep téh katingali nalika rombongan séjén pada muji ka Kangjeng Nabi Muhammad lantaran meunang kaberkahan tapi manéhna jeung sabatur-baturna mah teu daékkeun muji ka Kangjeng Nabi Muhammad.

(0273) Éta kitu pangalaman kabéh rempug,
ngan Abu Jahal sahiji,
jeung batur-baturna biruk,
teu daék muji ka Nabi,
manyun bari caringogo.

(9) Goreng ati belang bayah

Éta sikep Abu Jahal téh kagambarkeun tina omonganana Abu Bakar Sidiq nalika di jalan lalampahan ka nagara Syam.

(0316) Sanajan rék balik deui,
naha hanteu matak naon,
ku kami tangtu diturut,
moal béh cara silaing,
goréng ati belang bayah,
sampéan hanteu percaya.

9. Tukang Kundang Uang

Tukang Kundang Uang nyaéta jalma anu dipercaya neundeun duit modalna Nyi Khadijah Déwi.

(0115) Nyaur juru kunci uang,
nu disaur geus ngadeuheus ka Nyi Déwi,
Siti Khadijah geus nyaur,
aéh tukang kudang uang,
kami ménta duit dinar emas wungkul,
lobana téh lima laksa,
opat rébu dinar duit.

Watek tukang kundang uang anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta nurut kana paréntah.

(1) Nurut kana paréntah

Éta sikep téh katingali nalika manéhna mikeun duit pamundutna Nyi Khadijah Déwi pikeun pimodaleun Kangjeng Nabi Muhammad.

(0116) Tukang uang geus nyawisan,
 geus nyanggakeun pamundut Endén putri,
 eujeung lobana sakitu,
 seug nyaur deui Khadijah,
 mangga Radén ieu artos téh kulanun,
 jisim kuring ieu pasrah,
 pikeun gamparan balantik.

10. Abu Bakar Sidiq

Abu Bakar Sidiq nyaéta salasahiji sodagar Mekah anu milu dagang ka nagara Syam jeung rombongan Nyi Khadijah Déwi.

(0125) Disebut hiji-hijina,
 hiji Jubair kadua ngaran Ki Haris,
 Ki Qiyyas anu katilu,
 kaopat Abu Jahal,
 kalimana Abu Shopiyah disebut,
 kagenepna Abu Bakar,
 katujuhna Abdurrahman.

Watek Abu Bakar Sidiq anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta nurut kana paréntah, bijaksana, satia jeung panceg.

(1) Nurut kana paréntah

Éta sikep téh katingali nalika saméméh indit ka nagara Syam, sakabéh palasodagar téh kumpul heula di imahna Nyi Khadijah Déwi pikeun ngadéngékeun sagala piwurukna.

(0124) Kedah di dieu rerebna,
 sadayana rék diparéntah ku kuring,
 énggal Kangjeng wangslu,
 kacatur Déwi Khadijah,
 pék nyauran para sudagar karumpul,
 di bumi Déwi Khadijah,
 ngaranna sahiji-sahiji.

(0125) Disebut hiji-hijina,
 hiji Jubair kadua ngaran Ki Haris,
 Ki Qiyyas anu katilu,
 kaopat Abu Jahal,
 kalimana Abu Shopiyah disebut,
 kagenepna Abu Bakar,
 katujuhna Abdurrahman.

(2) Bijaksana

Sikep bijaksana Abu Bakar Sidiq téh katingali nalika némpas omongan Abu Jahal anu keur nyalahkeun Kangjeng Nabi Muhammad.

(0234) Pék ditempas omongan Abu Jahal kitu,
ku Ki// Abu Bakar Sidiq,
Abu Jahal ulah kitu,
omongan matak ngéwa teuing,
darapon baé ngabacot.

(3) Satia jeung panceg

Sikep satia jeung panceg Abu Bakar Sidiq téh katingali nalika di jalan lalampahan ka nagara Syam téh loba manggih balai. Abu Bakar Sidiq tetep mituhu ka Kangjeng Nabi Muhammad.

(0315) Abu Jahal kajeun teuing,
kami mah moal ngarogo,
kami banget nya mituhu,
hanteu samar dina ati,
ka éta Radén Muhammad,
percaya kabina-bina.

11. Kapala Sodagar (kapala rombongan)

Kapala sodagar nyaéta jelema anu mingpin palasudagar atawa disebut ogé ketua rombongan di jalan.

(0149) Lajeng kabéh rarempug,
kumpul kabéh hanteu aya anu kari,
palasudagar ngariung,
aya sahiji kapala,
ngamukaan badami ménta barempug,
hé sanak-sanak sadaya,
réh ayeuna enggeus tepi.

Watek Kapala Sodagar anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta bijaksana.

(1) Bijaksana

Sikep Kapala Sodagar anu bijaksana téh katingali nalika manéhna ménta barempug pikeun mutus hiji perkara, nyaéta ngeunaan saha anu rék jadi kapala besar, anu mingpin di hareup. Manéhna henteu nangtukeun sorangan, tapi barempug heula jeung nu loba.

(0149) Lajeng kabéh rarempug,
kumpul kabéh hanteu aya anu kari,
palasudagar ngariung,
aya sahiji kapala,
ngamukaan badami ménta barempug,
hé sanak-sanak sadaya,
réh ayeuna enggeus tepi.

(0150) Urang angkat téh geus dongkap,
kana leuweung bala pirang-pirang kai,
leuweung gedé langit langkung,
kaula neda pirempug,
coba saha nu badé tipayun,
nu jadi kapala besar,
ngajaga rusuh papatih.

12. Malaikat Jabroil

Malaikat Jabroil nyaéta malaikat anu pancénnna nepikeun wahyu ti Alloh ka Kangjeng Nabi Muhammad. Malaikat Jabroil ogé mangrupa kapalana para malaikat.

(0924) Nuju tanggal dalapan belasna,
sumping utusan Yang Manon,
mala Jabroil,
jeung uluk salam ka Nabi,
ku Nabi lajeng dijawab alaikassalam,
mala Jabroil ngandika,
ngadawuhkeun timbalan Robbulalamiin,
hé tuan Nabiyullah,
jisim kuring diutus,
ku Gusti Alloh anu Maha Mulya.

(0925) Timbalanana Yang Manon,
yén ayeuna tuan kudu,
lebet kana fidinillah,
kitu dawuhan Pangéran,
ka tuan nu tangtu,
naros Kangjeng Nabi Rosulullah,
na kumaha hartosna,

fidinillah,
mala Jibril seug ngajawab.

(0974) Enggeus lila tuluy matur,
sumuhun dawuhan Gusti,
anu marek ka gamparan,
utusan Yang Widi,
kapalana malaikat,
kakasihna mala Jibril.

Watek Malaikat Jabroil anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta nurut
kana sagala paréntah Alloh, sok nulungan, sok ngagedékeun haté, sok
méré pituduh (mamatahan), handap asor,

(1) Nurut

Malaikat Jabroil ngadeuheus ka Kangjeng Nabi Muhammad pikeun
nepikeun dawuhan ti Alloh.

(0932) Sareng sumping malaikat Jabroil,
asong salam ka// Nabi Muhammad,
sarta matur handap asor,
hé tuan Kangjeng Rosul,
nu mawi ngadeuheus abdi,
ditimbalan ku Pangéran,
ka gamparan katur,
ngaturkeun salam minAlloh,
lajeng jawab waalaikum salam Nabi,
cahya téh lajeng mendak.

(2) Sok nulungan

Éta sikep téh katingali nalika onta Kangjeng Nabi ditungtun ku Malaikat
Jabroil pikeun nuduhkeun jalan.

(0249) Onta Nabi tiheula aya nu nungtun,
ku malaikat Jabroil,
tuluy ningali ka payun,
béh tegal lega téh teuing,
caang sakabéh katémbong.

Éta sikep téh katingali nalika rombongan Kangjeng Nabi Muhammad
keur masangrahan di hiji tempat, tuluy Malaikat Jabroil méré béja yén
bakal datang balai, nyaéta datang caah gedé.

(0344) Kangjeng Nabi di dinya seug masangrahan,
 malah seug dongkap ka wengi,
 malaikat Jabroil ngandika,
 haturan ka Nabiyullah,
 tuan kakasih Yang Widi,
 gamparan ulah,
 rék kulem didinya wengi.

(3) Sok ngagedékeun haté

Éta sikep téh katingali nalika Malaikat Jabroil matur ka Kangjeng Nabi Muhammad sangkan ulah susah ati lantaran rék kadatangan caah. Sabab poé isukna bakal aya uncal anu nuduhkeun jalan.

(0352) Waktu émbog aya anu ngundang-ngundang,
 malaikat Jabroil,
 pokna Ya Habibullah,
 Tuan ulah arék susah,
 duméh-duméh gedé cai,
 poé isukan,
 isuk-isuk éta pasti.

(0353) Aya uncal tilu marek ka gamparan,
 éta badé tuduh margi,
 lamun datang éta uncal,
 gancang-gancang baé dangdan,
 dagangan sadaya sami,
 momotekna énggal,
 ulah aya anu kari.

Malaikat Jabroil ngagedékeun haté Kangjeng Nabi Muhammad nalika Kangjeng Nabi Muhammad bingung narima wahyu ti Alloh.

(1010) Kumargi éta sakitu,
 ulah dianggo pirhatin,
 malaikat enggeus ilang,
 anu kantun Kangjeng Nabi,
 calik teu pisan ngandika,
 hanjakal kaliwat saking.

(5) Sok méré pituduh (mamatahan)

Éta sikep téh katingali nalika Malaikat Jabroil méré pituduh (mamatahan) ngeunaan timbalan ti Alloh anu teu dipikaharti ku Kangjeng Nabi Muhammad.

- (0925) Timbalanana Yang Manon,
yén ayeuna tuan kudu,
lebet kana fidinillah,
kitu dawuhan Pangéran,
ka tuan nu tangtu,
naros Kangjeng Nabi Rosulullah,
na kumaha hartosna,
fidinillah,
mala Jibril seug ngajawab.
- (0926) Hartosna téh éta tuan Nabi,
kudu lebet kana agama Islam,
éta kitu hartosna téh,
Jeng Nabi hanteu ngawangsul,
calik bari tuang roti,
di handapeun kai linggih,
dina luhur Gunung,
Jabal Haram disebutna,
malaikat Jabroil geus goib deui,
Nabi hanteu nyinkah-nyingkah.

Kangjeng Nabi Muhammad dipapatahan ku Malaikat Jabroil nalika dititah abdas.

- (1015) Nabi dipiwarang abdas,
diwurukan malaikat Jabroil,
pertingkahna anu wudu,
ari geus parantos abdas,
pék dicandak ku malaikat Jabroil ka luhur,
kana tempat anu rata,
Nabi diwurukan deui.

(6) Handap asor

Éta sikep téh katingali nalika Malaikat Jabroil ngadeuheus ka Kangjeng Nabi Muhammad. Malaikat Jabroil datang bari asong salam sarta maturna handap asor.

- (0932) Sareng sumping malaikat Jabroil,
asong salam ka// Nabi Muhammad,

sarta matur handap asor,
 hé tuan Kangjeng Rosul,
 nu mawi ngadeuheus abdi,
 ditimbalan ku Pangéran,
 ka gamparan katur,
 ngaturkeun salam minAlloh,
 lajeng jawab waalaikum salam Nabi,
 cahya téh lajeng mendak.

13. Ki Padri Yusang/ Ki Pandita Yusang

Ki Padri/Ki Yusang nyaéta jalma geus kolot, anu alim bisa ngaji. Loba pisan muridna, kapir nu guguru. Pagawéanana ti beurang jeung ti peuting téh nyembah kana berhala. Imahna di sisi jalan, jauh ti tatangga.

(0621) Aya hiji anu mukim,
 imahna téh dina sisi jalan,
 jauh tina tatangga téh,
 éta jalama enggeus sepuh,
 sarta alim bisa ngaji,
 jeung loba pisan muridna,
 kafir nu guguru,
 ari ngaran Ki Yusang,
 damelna téh ti beurang rawuh ti peuting,
 ngan nyembah kana berhala.

Watek Ki Padri/Yusang anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta alim bisa ngaji, satia, sopan, jeung béréhan.

(1) Alim, bisa ngaji

Sikep Ki Padri/Ki Yusang/Ki Pandita Yusang anu alim, bisa ngaji téh katingali tina naon anu digambarkeun ku pangarang.

(0621)
 éta jalama enggeus sepuh,
 sarta alim bisa ngaji,
 jeung loba pisan muridna,
 kapir nu guguru,
 ari ngaran Ki Yusang,
 damelna téh ti beurang rawuh ti peuting,
 ngan nyembah kana berhala.

(2) Satia

Éta sikep téh katingali nalika pangarang ngajéntrékeun kaayaan imah Ki Padri/Ki Yusang/Ki Pandita Yusang anu matak nyieun imah di sisi jalan téh sabab manéhna nungguan/nganti-nganti Kangjeng Nabi Muhammad liwat ka éta jalan. Ki Padri/Ki Yusang/Ki Pandita Yusang geus lila hayang papanggih jeung Kangjeng Nabi Muhammad.

(0622) Anu mantak éta téh Ki Padri,
nyieun imah dina sisi jalan,
sejana éta téh ngantos,
Jeng Nabi hayang patepung,
.....

(0623)
ku Ki Yusang téh dipapag,
ti imahna tu/run,
barina ngaromong sorangan,
nya ayeuna aing téh bisa papanggih,
eujeung anu (...) teu aya.

(3) Sopan

Éta sikep téh katingali nalika Kangjeng Nabi Muhammad rék indit neruskeun lalampahanana, Ki Padri/Ki Yusang/Ki Pandita Yusang téh sujud bari ngambungan ka sampéan Kangjeng Nabi Muhammad.

(0631) Tuluy sujud éta tuan Padri,
tuluy ngambung sampéan Rosulullah,
bari matur sujudna téh,
kutan Gusti téh rék laju,
linggih téh sakedap teuing,
énggalkeun baé carita,
geus nitih di luhur,
Kangjeng Nabi enggeus angkat,
angkat Ki Pandita Yusang nuturkeun pandeuri,
ka Nabi téh ngageroan.

(4) Béréhan

Éta sikep téh katingali nalika Kangjeng Nabi rék indit neruskeun lalampahanana, Ki Padri/Ki Yusang/Ki Pandita Yusang méré rupa-rupa bubuhan minangka kageugeutan manah ti manéhna ka Kangjeng Nabi.

(0632) Aéh Gusti antos sim abdi,

Gusti ieu kageugeutan manah,
 katuangan hanteu saé,
 ku pandita Yusang tuluy,
 dicantélkeun ka onta Nabi,
 rupa-rupa bubuhan,
 kawini jeung manggu,
 saboga-boga dibawa,
 dicantélkeun kana onta Kangjeng Nabi,
 mijil nu ngagentos tembang.

14. Ki Sayyidu

Ki Sayyidu nyaéta abid (budak beulian) Raja Abu Tholib.

(0986) Énggalna enggeus diwuruk,
 sahadat kalimah kalih,
 Abu Bakar enggeus Islam,
 tunda Abu Bakar Sidiq,
 kacatur Bu Tholib Raja,
 kagungan abdi sahiji.

(0987) Karisa ngarana mashur,
 éta abid beunang meuli,
 boga anak hiji lanang,
 bagus tur perwira jurit,
 Ki Sayyidu kasebutna,
 lajeng dipiwarang ku Nabi.

Watek Ki Sayyidu anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta punjur pribadi, pinter budi bijaksana, binékas andalan perang, handap asor alus budi, jeung perlénté bisa ngomong.

(1) Punjur pribadi, pinter budi bijaksana, binékas andalan perang, handap asor alus budi, jeung perlénté bisa ngomong.

Éta sikep ki Sayyidu téh digambankeun ku Sultan Walid nalika Ki Sayyidu diutus ku Raja Abi Tholib pikeun ngadeuheus ka Sultan Walid.

(0794) Rayi pupunjul pirbadi,
 basa maréntah nagara,
 digjaya perwira kahot,
 pinter budi bijaksana,
 binékas andelan perang,
 handap asor budi alus,
 perlénté bisa bicara.

15. Urang Kapir

Yayang Setia Asih, 2014

*Wawacan siti khadijah dagang Pikeun bahan ajar maca carita buhun di sma¹
 (transliterasi jeung ulikan struktural)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Urang kapir nyaéta penduduk Mekah anu nganggem agama tihela, nyembah kana berhala sarta henteu daék salin agama atawa anut agama Islam.

- (1024) Ngabérés solat di latar,
 loba pisan nu lalajo urang kapir,
 sakabéh pada ngaranjug,
 ngomong jeung batur-burna,
 lampah naon bet éta paningkah kitu,
 bédha eujeung lampah urang
 déwék mah kakara manggih.

Watek urang kapir anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta bedegong, jahat, kukuh pengkuh kana agama, jeung bijaksana.

(1) Bedegong

Éta sikep téh katingali nalika urang kapir henteu merduli omongan Ki Sayyidu anu ngajak anut ka agama Islam.

- (1035) Anggur milu sembahiang,
 lamun sia kabéh hanteu acan harti,
 anu nyembah ka nu kitu,
 enggon sia naraka,
 hanteu bohong omongan aing nu tangtu,
 pada ngomong urang kapir,
 teu hayang ngandel saeutik.

- (1036) Éta jalma sok bohongan,
 aéh batur ulah aya nu merduli,
 tambah ambek Ki Sayyidu
 hiji kapir ditarajang,
 ku Sayyidu nu ngomong jebet ditumbuk,
 ditambah jeung dicabokan,
 ditajong jeung ditampiling.

(2) Jahat

Éta sikep téh katingali nalika urang kapir rék ngagebugan Kangjeng Nabi Muhammad lantaran manggih Kangjeng Nabi jeung sabatur-burna solat geus henteu nyumput-nyumput deui.

- (1029) Kajaba mun digebugan,
 kudu tangkep geus beunang kudu digitik,
 rangkét ulah sina kitu,

(3) Kukuh pengkuh kana agama

Éta sikep téh katingali nalika Kangjeng Nabi Muhammad jeung batur-baturna geus anut agama anyar (Islam), urang kapir masih kukuh pengkuh kana agama heubeul, nyaéta nyembahkana berhala.

- (1025) Aya hiji nu ngajawab,
 anu kitu agama tangtu salin,
 jeung urang hanteu salaku,
 ari ceuk anu saurang,
 heueuh enya tapi éta anu kitu,
 kuma rarasaanana,
 anu matak agama salin.

(4) Bijaksana

Éta sikep téh katingali nalika salasahiji urang kapir unjukan sangkan ulah waka gurung-gusuh mergasa Kangjeng Nabi Muhammad, tapi diélingan jeung dipapatahan.

- (1030) Ku urang kudu éelingan,
 papatahan ulah lampah matak ijid,
 matak giruk batur-batur,
 mangké urang pada ondang,
 anu salin agama téh sina kumpul,
 ka imah urang diala,
 kieu piomongeun kami.

- (1032) Ulah rék karitu lampah,
 anggur hayu milu ka agama kami,
 iman kami leuwih alus,
 kitu baé ayeuna mah,
 ulah waka dipergasa bisi rusuh,
 sok ditunda urang kufar,
 kacatur sahiji mu'min.

16. Macan/méong/maung

- (0187) Tuluy maju leumpang kira sapanyeluk,
 nahe jalma nu tihela,
 sakabéh pabuis géhgér,
 aya macan ngahalangan dina jalan.

Watek Macan/méong/maung anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta galak.

(1) Galak

Éta sikep téh katingali nalika macan/méong/maung téh ngahalangan jalan sarta ngahakan ontana Ki Athobah.

(0188) Éta méong gedéna kaleuwih langkung,
eujeung éta méong galak,
wani ka jalma loba téh,
Ki Athobah sieun kabina-bina.

(0191) Ki Athobah ontana diteuk maung,
tuluy dibawa ka Alas,
onta Athobah geus paéh,
pada kagét jalma-jalma anu loba.

17. Singa

Éta singa téh gedéna kacida, rupana matak gila, sarta sorana ngagerung eundeur gunung eundeur sagara.

(0391) Ari jalan anu hiji deui,
rada anyar tatapi ayeuna,
éta enggeus téh,
hanteu aya anu wantun,
ngaliwat éta téh margi,
ku sababna aya singa,
gedéna langkung,
hanteu kinten matak gila,
jeung sorana ngagerungna matak watir,
eundeur gunung lir sagara.

Watek singa anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta galak, sok ngahakan sakur nu ngaliwat kadinya, jeung éraan.

(1) Galak, sok ngahakan sakur nu liwat ka dinya

(0392) Saupanten maksa baé Gusti,
rék ngaliwat kana éta jalan,
ieu onta téh sakabéh,
moal aya anu kantun,
sadaya ogé beresih,
dihakan ku éta singa,
coba kaulanun,

masih yaktos pisan,
 éta singa katingal ku jisim abdi,
 anu yaktos Gusti jisim abdi.

(2) Éraan

Éta sikep téh katingali nalika Singa ngadangu piwuruk Kangjeng Nabi Muhammad, yén Singa ulah rék wani-wani ngadeukeutan ka jelema. Singa tuluy moyongkod bakat ku éra.

(0405) Ka jelema ulah wani-wani,
 manéh singa arék ngadeukeutan,
 geuat indit singa barong,
 moyongkod isin kalangkung,
 leumpang singa banget ajrih,
 enggeus asup ka nu bala,
 salampat-salumput,
 geus jauh ngabecir lumpat,
 nyorang gunung nyukang pasir,
 duka tuluyna ka mana.

(4) Satia

Éta sikep téh katingali nalika Singa keur ngomong ka Kangjeng Nabi Muhammad yén éta singa nu matak cicing di dinya téh nganti-nganti hayang tepung jeung Kangjeng Nabi Muhammad, sabab rék ménta berkahna Kangjeng Nabi Muhammad.

(0411) Sayakotsna Gusti jisim abdi,
 anu mawi di dieu nya aya,
 Gamparan anu diantos,
 hamba téh ku hayang tepung,
 rék nyuhunkeun berkah Gusti,
 ayeuna parantos tepang,
 abdi kaulanun,
 muga-muga diberkahan,
 sadayana diri jisim abdi,
 ayeuna gu gamparan.

18. Oray 1

Ieu oray téh kacida gedéna, rupana matak gila, huluna ngajentul sagedé gunung, beuheungna beureum, peurahna matih, sorana ngageleger kawas gelap, sarta galakna teu kira-kira. Tempat enggonna nyaéta di jero

leuweung. Tara aya nu wani ngaliwat ka éta jalan sabab naon waé anu ngaliwat ka dinya geus pasti dihakan, bék euweuh nu nyésa.

(0326) Oray muni ngageleger kawas gélo,
seuneu nyebrot-nyebrot bijil,
tina sungut oray téa,
mani poék halimunan,
anu deukeut kai-kai,
geus rarebat,
kahémos ku oray mati.

Watek oray anu digambarkeun dina ieu wawacan nyaéta galak, sok ngahakan sakur nu ngaliwat kadinya.

(1) Galak, sok ngadahar sakur nu ngaliwat kadinya

Watek oray anu galak téh digambarkeun ku hiji jalma anu méré nyaho ka Kangjeng Nabi Muhammad yén di jero leuweung téh aya oray gedé sarta galakna teu kira-kira.

(0301) Éta di payun téh Gusti,
dina jero leuweung longgong,
ngan ti dinya rada jauh,
kinten sajongan deui,
aya oray gedé pisan,
jeung galak teu kira-kira.

19. Oray 2

(0425) Saha jalma anu hanteu miris,
ningal oray sakitu gedéna,
beureum wungu sisitna téh,
sarta belangna téh tutul,
lir nyiru rubakna sisit,
.....

Watek oray anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta nurut, satia, sopan,

(1) Nurut

Éta sikep téh katingali nalika Singa matur ka Kangjeng Nabi yén bakal ngalampahan sakumaha dawuhan Kangjeng Nabi Muhammad.

(0430) Abdi seja ngalampahan,
kumaha dawuhan Gusti,
seug Kangjeng Nabi nimbalan,
aéh oray karep téh kami,

manéh téh geura indit,
nyingkah ka enggon nu jauh,
kana leuweung gedé pisan,
sarta nyora sing tarik,
méré nyaho ka batur aing nu loba.

(2) Satia

Éta sikep téh katingali nalika Singa matur ka Kangjeng Nabi Muhammad yén manéhna geus lila nungguan sarta hayang tepung jeung Kangjeng Nabi Muhammad.

(0426) Tuluy matur oray téh ka Nabi,
nya tuan Nabi anu pangagungna,
enggeus lami sim abdi téh,
Kangjeng Rosul,
abdi sono langit saking,
ayeuna sareng gamparan,
abdi bisa tepung,
Gamparan nu pangpunjulna,
para Nabi sadaya taya nu nanding,
eujeung saha-saha raja.

Salila dua taun éta oray téh cicing di sisi jalan, nungguan Kangjeng Nabi Muhammad ngarep-ngarep beurang peuting.

(0422) Ti dinya téh ngider-ngider bumi,
éta oray téa ngan manéhna,
dua taun lawasna téh,
ari enggeus dua taun,
seug baé di dinya cicing,
enggona téh sisi jalan,
enggeus dua taun,
manéhna nu didagoan,
cicing baé ngarep-ngarep beurang peuting,
seug geuat geura tepungan.

(3) Sopan

Éta sikep téh katingali nalika saméméh indit ninggalkeun tempat matuhna, éta Singa téh ngambung ka suku Kangjeng Nabi Muhammad.

(0432) Tuluy baé éta oray,
ngambung ka sampéan Nabi,
indit tuluy baé leumpang,
barina ngagero tarik,

sapiwuruk Kangjeng Nabi,
 sora cara gunung runtuh,
 kadangu ku anu loba,
 sami kagét anu nguping,
 sora oray eundeur ganjlong rarasaan.

20. Santri/Ki Santri

(0440)

Ki Sahroh seug miwarangan,
 ka éta santri sahiji,
 coba tanya saha nu eureun di jalan.

Watek Ki Santri anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta nurut, gesit,
 Éta sikep téh katingali nalika Ki Sahroh maréntah pikeun néang saha
 jalma anu eureun di jalan téh, Ki Santri tuluy indit ningali kaluar.

(1) Nurut

(0440)

Ki Sahroh seug miwarangan,
 ka éta santri sahiji,
 coba tanya saha nu eureun di jalan.

(0441)

Ki Santri énggalna indit,
 ka jalana enggeus tepi,
 jeung urang Arab geus tepung,
 tuluy Ki Santri téh nanya,
 gamparan anu ti mendi,
 sareng deui badé ngersakeun ka mana.

(2) Gesit

Nalika diparéntah ku Ki Sahroh, éta Ki Santri téh geuat indit ningali ka
 luar.

(0441)

Ki Santri énggalna indit,
 ka jalana enggeus tepi,
 jeung urang Arab geus tepung,
 tuluy Ki Santri téh nanya,
 gamparan anu ti mendi,
 sareng deui badé ngersakeun ka mana.

Nalika diparéntah ku Ki Sahroh, Ki Santri geuat ngaturanan sémah anu datang ti nagara Mekah.

(0446) Ki Sahroh deui ngandika,
maréntah ka éta santri,
ngahaturanan ka sémah,
kabéh kudu sina calik,
Ki Santri téh tuluy indit,
ari geus datang pok matur,
sampéan téh sadayana,
tatamu di gingsir linggih,
ku Ki Sahroh ulah tinggal.

(3) Lowér

Éta sikep téh katingali nalika sakabéh baturna geus asup ka imah Ki Sahroh, ngan kari Kangjeng Nabi Muhammad anu tunggu di luar, ku Ki Santri henteu dititah asup.

(0449) Tayoh éta nu ngajawab,
Abu Jahal anu jahil,
Ki Sahroh bendu kacida,
ka nu dipiwarang santri,
naha manéh lowér teuing,
ka aing hanteu ngagugu,
geuat ku manéh susulan,
ka dieu singna calik,
sarta kudu ku manéh kairing pisan.

21. Ki Panday

Ki Panday nyaéta jelema anu gawéna téh manday, nyieunan pakarang tina beusi.

(0610) Méh sakabéh barangna ka Nabi,
disanggakeun éta ku jalma,
tina banget tarimana téh,
Kangjeng Nabi enggeus lungsur,
ti imah éta geus bijil,
diiring ku Abu Bakar,
di jalan kacatur,
aya hiji nu manday,
lajeng lirén di dinya téh Kangjeng Nabi,
ningalikeun anu manday.

Watek Ki Panday anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta jahat.

(1) Jahat

Éta sikep téh katingali nalika Kangjeng Nabi nyampeurkeun manéhna anu keur manday, Ki Panday téh boga niat goréng rék nyebrotkeun seuneu ka Kangjeng Nabi, tapi éta seuneu téh malik ka dirina sorangan.

(0613) Pék dipukul anu ruhay beusi,
 ku paluna anu panggedéna,
 jeung mukul satakerna téh,
 wani nyebrot seuneu hurung,
 gulung seuneu jadi hiji,
 teu nyebrot ka mana-mana,
 ngan ka panday wungkul,
 geus tutung kabéh awakna,
 tingpelendum lajeng nyaur Kangjeng Nabi,
 tah niat goréng andika.

22. Tukang Paling

- (0475)
 kacarios geus wengina,
 sadayana tukang paling.

 (0476) Ka dinya pada ngajugjug,
 karepna téh arék maling,

Watek tukang paling anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta jahat.

(1) Jahat, sok malingan barang batur

(0476) Ka dinya pada ngajugjug,
 karepna téh arék maling,
 menderan ka palebahna,
 barang Kangjeng Nabi,
 ngadadak bumi téh beulah,
 ngaburial bijil cai.

Éta sikep téh katingali nalika Kangjeng Nabi dina hiji peuting keur masangrahan di hiji tempat, kacaritakeun aya tukang paling ngajugjug ka éta tempat.

23. Raja Syam

(0537) Leubeut kabéh budal,
 bandérana ngolébat kadupak angin,
 énggal baé nu dicatur,
 di jalan kocap patepang,
 bandérana Raja Sam anu dipayun,
 pék sujud éta bandéra,
 ka payuneun Kangjeng Nabi.

Watek Raja Syam anu kapanggih dina ieu wawacan nyaéta sopan/alus tatakramana.

(1) Maliré/perhatian

Éta sikep téh katingali nalika aya béja yén Kangjeng Nabi Muhammad geus nepi ka nagara Syam, Kangjeng Raja Syam geuat dangdan rék mapag Kangjeng Nabi Muhammad.

(0536) Énggal dangdan Kangjeng Ratu,
 badé mapag nu rék sumping,
 énggalna Raja geus jengkar,
 diiring ku palamantri,
 upacarana ngajajar,
 geus mungkur ti jero nagri.

Salian ti éta ogé, Kangjeng Nabi kacida dihurmatna sarta disuguhan rupa-rupa kadaharan geus euweuh kakurangan.

(0543) Dihurmat didama-dama,
 barangtuang geus teu di deui,
 ma'lum kawantu di ratu,
 geus teu aya kakirang,
 parantosna barangtuang Kangjeng Rosul,
 lajeng nyaur ka Raja Sam,
 kaula neda paidin.

(2) Sopan/alus tatakramana

Éta sikep téh katingali nalika Kangjeng Nabi Muhammad nepi ka nagara Syam, Kangjeng Raja Syam tuluy sasalaman kalawan hurmat pisan.

(0539) Lajeng sami sasalaman,
 hurmat pisan Raja Sami ka Kangjeng Nabi,
 lajeng sareng angkat tuluy,

ka kota nagara Esam,
kacarios éta gedongna téh Ratu,
teu kinten pisan alusna,
diterapang ku biduri.

c) Palaku Tambahan

1. Jubair

Jubair nyaéta salasahiji sodagar Mekah anu milu dagang ka nagara Syam jeung rombongan Nyi Khadijah Déwi.

(0125) Disebut hiji-hijina,
hiji Jubair kadua ngaran Ki Haris,
Ki Qiyas anu katilu,
kaopat Abu Jahal,
kalimana Abu Shopiyah disebut,
kagenepna Abu Bakar,
katujuhna Abdurrahman.

Watek Jubair anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta nurut kana paréntah.

(1) Nurut kana paréntah

Éta sikep téh katingali nalika saméméh indit ka nagara Syam, sakabéh palasodagar téh kumpul heula di imahna Nyi Khadijah Déwi pikeun ngadéngékeun sagala piwurukna.

(0124) Kedah di dieu rerebna,
sadayana rék diparéntah ku kuring,
énggal Kangjeng wangslu,
kacatur Déwi Khadijah,
pék nyauran para sudagar karumpul,
di bumi Déwi Khadijah,
ngaranna sahiji-sahiji.

(0125) Disebut hiji-hijina,
hiji Jubair kadua ngaran Ki Haris,
Ki Qiyas anu katilu,
kaopat Abu Jahal,
kalimana Abu Shopiyah disebut,
kagenepna Abu Bakar,
katujuhna Abdurrahman.

2. Ki Haris

Ki Haris nyaéta salahahiji sodagar Mekah anu milu dagang ka nagara Syam jeung rombongan Nyi Khadijah Déwi.

(0125) Disebut hiji-hijina,
 hiji Jubair kadua ngaran Ki Haris,
 Ki Qiyyas anu katilu,
 kaopat Abu Jahal,
 kalimana Abu Shopiyah disebut,
 kagenepna Abu Bakar,
 katujuhna Abdurrahman.

Watek Ki Haris anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta nurut kana paréntah.

(1) Nurut kana paréntah

Éta sikep téh katingali nalika saméméh indit ka nagara Syam, sakabéh palasodagar téh kumpul heula di imahna Nyi Khadijah Déwi pikeun ngadéngékeun sagala piwurukna.

(0124) Kedah di dieu rerebna,
 sadayana rék diparéntah ku kuring,
 énggal Kangjeng wangslu,
 kacatur Déwi Khadijah,
 pék nyauran para sudagar karumpul,
 di bumi Déwi Khadijah,
 ngaranna sahiji-sahiji.

(0125) Disebut hiji-hijina,
 hiji Jubair kadua ngaran Ki Haris,
 Ki Qiyyas anu katilu,
 kaopat Abu Jahal,
 kalimana Abu Shopiyah disebut,
 kagenepna Abu Bakar,
 katujuhna Abdurrahman.

3. Ki Qiyyas

Ki Qiyyas nyaéta salahahiji sodagar Mekah anu milu dagang ka nagara Syam jeung rombongan Nyi Khadijah Déwi.

(0125) Disebut hiji-hijina,
 hiji Jubair kadua ngaran Ki Haris,
 Ki Qiyyas anu katilu,
 kaopat Abu Jahal,

kalimana Abu Shopiyah disebut,
kagenepona Abu Bakar,
katujuhna Abdurrahman.

Watek Ki Qiyyas anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta nurut kana paréntah.

(1) Nurut kana paréntah

Éta sikep téh katingali nalika saméméh indit ka nagara Syam, sakabéh palasodagar téh kumpul heula di imahna Nyi Khadijah Déwi pikeun ngadéngékeun sagala piwurukna.

(0124) Kedah di dieu rerebna,
sadayana rék diparéntah ku kuring,
énggal Kangjeng wangslu,
kacatur Déwi Khadijah,
pék nyauran para sudagar karumpul,
di bumi Déwi Khadijah,
ngaranna sahiji-sahiji.

(0125) Disebut hiji-hijina,
hiji Jubair kadua ngaran Ki Haris,
Ki Qiyyas anu katilu,
kaopat Abu Jahal,
kalimana Abu Shopiyah disebut,
kagenepona Abu Bakar,
katujuhna Abdurrahman.

4. Abu Shopiyah

Abu Shopiyah nyaéta salasahiji sodagar Mekah anu milu dagang ka nagara Syam jeung rombongan Nyi Khadijah Déwi.

(0125) Disebut hiji-hijina,
hiji Jubair kadua ngaran Ki Haris,
Ki Qiyyas anu katilu,
kaopat Abu Jahal,
kalimana Abu Shopiyah disebut,
kagenepona Abu Bakar,
katujuhna Abdurrahman.

Watek Abu Shopiyah anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta nurut kana paréntah.

(1) Nurut kana paréntah

Éta sikep téh katingali nalika saméméh indit ka nagara Syam, sakabéh palasodagar téh kumpul heula di imahna Nyi Khadijah Déwi pikeun ngadéngékeun sagala piwurukna.

(0124) Kedah di dieu rerebna,
sadayana rék diparéntah ku kuring,
énggal Kangjeng wangslu,
kacatur Déwi Khadijah,
pék nyauran para sudagar karumpul,
di bumi Déwi Khadijah,
ngaranna sahiji-sahiji.

(0125) Disebut hiji-hijina,
hiji Jubair kadua ngaran Ki Haris,
Ki Qiwas anu katilu,
kaopat Abu Jahal,
kalimana Abu Shopiyah disebut,
kagenepta Abu Bakar,
katujuhna Abdurrahman.

5. Abdurrahman

Abdurrahman nyaéta salasahiji sodagar Mekah anu milu dagang ka nagara Syam jeung rombongan Nyi Khadijah Déwi.

(0125) Disebut hiji-hijina,
hiji Jubair kadua ngaran Ki Haris,
Ki Qiwas anu katilu,
kaopat Abu Jahal,
kalimana Abu Shopiyah disebut,
kagenepta Abu Bakar,
katujuhna Abdurrahman.

Watek Abdurrahman anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta nurut kana paréntah.

(1) Nurut kana paréntah

Éta sikep téh katingali nalika saméméh indit ka nagara Syam, sakabéh palasodagar téh kumpul heula di imahna Nyi Khadijah Déwi pikeun ngadéngékeun sagala piwurukna.

(0124) Kedah di dieu rerebna,

sadayana rék diparéntah ku kuring,
 énggal Kangjeng wangsul,
 kacatur Déwi Khadijah,
 pék nyauran para sudagar karumpul,
 di bumi Déwi Khadijah,
 ngaranna sahiji-sahiji.

- (0125) Disebut hiji-hijina,
 hiji Jubair kadua ngaran Ki Haris,
 Ki Qiyyas anu katilu,
 kaopat Abu Jahal,
 kalimana Abu Shopiyah disebut,
 kagenepna Abu Bakar,
 katujuhna Abdurrahman.

6. Ki Abdul Alamaa

Ki Abdul Alamaa nyaéta ahli kitab anu alim tur mashur.

- (0750) Ngan kari eujeung Mas Rokit,
 Putri tacan musawarah,
 duka terus hanteuna téh,
 ngan béja Mas Rokit téa,
 enggeus salin kitab anyar,
 (...) ti alim nu mashur,
 ngaran Ki Abdul Alamaa.

Watek Ki Abdul Alamaa anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta alim.

(1) Alim

Watek Ki Abdul Alamaa anu alim téh digambarkeun ku Ki Mas Rokit.

- (0750) Ngan kari eujeung Mas Rokit,
 Putri tacan musawarah,
 duka terus hanteuna téh,
 ngan béja Mas Rokit téa,
 enggeus salin kitab anyar,
 (...) ti alim nu mashur,
 ngaran Ki Abdul Alamaa.

7. Siluman-sileman

- (0503) Aleut-aleutan di pungkur,
 ngajajap ka Kangjeng Nabi,
 jeung siluman sileman,
 lalembut sakabéh ngiring,
 éta kabéh pada jajap,

sarta pada suka ati.

Watek Siluman-sileman anu kagambar dina ieu wawacan nya éta maliré (perhatian)

(1) Maliré (perhatian)

Éta sikep téh katingali nalika Kangjeng Nabi Muhammad neruskeun lalampahanana, siluman-sileman téh milu ngiring, milu nganteurkeun Kangjeng Nabi Muhammad.

(0503) Aleut-aleutan di pungkur,
ngajajap ka Kangjeng Nabi,
jeung siluman sileman,
lalembut sakabéh ngiring,
éta kabéh pada jajap,
sarta pada suka ati.

8. Manuk gagak

(0335) Kocap aya gagak putih sakureunan,
disada di luhur kai,
dina pucuk gunung téa,
nu beulah tadi kadupak,
ceuk gagak nu dua muni,
oray geus modar,
ku Abu Bakar kakuping.

9. Uncal

(0362) Bari mayun kana cai,
teu lami bet katingali,
datang tilu rupa uncal,
teu ka uninga datangna,
cicing dipayuneun Nabi,
éta téh uncal alus lewis bulu leuncir.

(0363) Bulu beureum beureumna téh alus pisan,
eujeung tutul éta putih
balunder éta tutulna,
tutul bodas wani ngenglak,
sadaya kagét ningali,
mancur cahayana,
di dunya teu aya tanding.

Watek uncal anu kapanggih dina ieu wawacan nyaéta bageur, ku sabab nuduhkeun jalan ka Kangjeng Nabi Muhammad.

(1) Bageur

(0368) (...) nuturkeun uncal anu tilu téa,
bet déet éta téh cai,
ngan wates tuurna onta,
kocap angkatna téh kebat,
meuntas éta dina cai,
sakabéh jalma-jalma,
ti pandeuri ngiring Nabi.

10. Hiji jalma

(0418) Badé aya pihatur sim kuring,
ka gamparan seja ngaturanar,
di payun balai gedé,
aya oray gedé langkung,
huluna gé ngajungkring,
patutana téh matak gila,
teu béda eujeung gunung,
loba pihaturna,
nyarioskeun oray téh ka Kangjeng Nabi,
pok deui tuluy haturan.

Watek hiji jalma anu kapanggih dina ieu wawacan nyaéta maliré (perhatian).

(1) Maliré (perhatian)

Éta sikep téh katingali nalika Kangjeng Nabi jeung sabatur-baturna keur di jalan lalampahan ka nagara Syam, aya hiji jalma anu ngabéjaan yén di hareup aya balai gedé.

(0419) Lamun (...) gamparan téh indit,
jisim abdi sanget pisan kamelang,
tinangtos tiwas sakabéh,
seug ngandika Kangjeng Rasul,
aéh sadaya sanak wargi,
sakabéh lalampahan urang,
anu geus kapungkur,
manggih oray eujeung singa,
éta kula teu pisan ngarasa// risi,
matak hanteu pisan orot.

11. Buah Kai

(0516) Sakabéhna pada matur,
abdi tuang mangga Gusti,
abdi teu kinten raosna,
tah kitu ceuk buah kai,
sakabéh pada haturan,
récok kabéh buah kai.

(0517) Buah kai anu luhur,
nu kira anu hanteu katepi,
kitu ti handap dironjat,
barang liwat Kangjeng Nabi,
dahan kai ngahandapan,
abdi petik mangga Gusti.

Watek Buah Kai anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta bageur jeung maliré (perhatian).

(1) Bageur jeung maliré (perhatian)

Éta sikep téh katingali nalika Kangjeng Nabi liwat, sakabéh buah kai récok pada nawaran ka Kangjeng Nabi sangkan dipetik jeung didahar.

(0516) Sakabéhna pada matur,
abdi tuang mangga Gusti,
abdi teu kinten raosna,
tah kitu ceuk buah kai,
sakabéh pada haturan,
récok kabéh buah kai.

(0517) Buah kai anu luhur,
nu kira anu hanteu katepi,
kitu ti handap dironjat,
barang liwat Kangjeng Nabi,
dahan kai ngahandapan,
abdi petik mangga Gusti.

12. Manuk-manuk

(0680) Manuk ciung kakatua nuri,
anu bisa ngaromong,
ngaromomong jeung baturna kabéh,
na kunaon éta Gusti,
tara ti sasari,
hanteu nyaur.

Sikep manuk-manuk anu kagambar dina ieu wawacan nya éta maliré (perhatian).

(1) Maliré (perhatian)

Éta sikep téh katingali nalika sakabéh manuk ngarasa Nyi Khadijah Déwi béda ti sasari, geus tara ngajak ngomong deui ka manuk.

(0680) Manuk ciung kakatua nuri,
anu bisa ngaromong,
ngaromomong jeung baturna kabéh,
na kunaon éta Gusti,
tara ti sasari,
hanteu nyaur.

(0681) Ka urang téh teu pisan merduli,
naha angkuh naon,
éta kitu omongna manuk téh,
béda temen jeung sasari,
soré isuk sumping,
ka urang sok nyaur.

13. Tukang Jaga Lawang

Tukang jaga lawang nyaéta pagawéna Sultan Walid anu purah jaga lawang.

(0791) Badé dumeuheus ka Gusti,
Kangjeng Sultan ngadawuhan,
cing sina kadieu baé,
énggal tukang jaga lawang,
ka Sayyidu téh nepangan,
mangga lebet kaulanun,
disaur ku Kangjeng Sultan.

Watek Tukang Jaga Lawang anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta gesit dina ngalaksanakeun paréntah.

(1) Gesit

(0791) Badé dumeuheus ka Gusti,
Kangjeng Sultan ngadawuhan,
cing sina kadieu baé,
énggal tukang jaga lawang,
ka Sayyidu téh nepangan,
mangga lebet kaulanun,

disaur ku Kangjeng Sultan.

14. Para Mantri Raja Abu Tholib

Para Mantri téh nyaéta anu purah ditutuh-titah atawa diutus pikeun ngalaksanakeun pancén ti Raja Abu Tholib.

(0802)

Raja lajeng ngumpulkeun mantri-mantrina.

(0804)

ayeuna sakabéh mantri,
paréntah di jero nagari,
waktuna sing pada kumpul,
kakocapkeun Raja Mekah,
rék nepangan Sultan Walidu,
Abu Tholib kocapkeun baé geus dongkap.

(0807) Abu Tholib miwarangan,

nimbalan ka hiji mantri,
kudu gawé undang-undang,
nguriling di jero nagri,
jeung sakabéh abdi-abdi,
béjaan supaya kumpul,
mengké téh dina waktuna,
kabéh kudu pada ngiring,
nganggo ngajajapkeun Gan Muhammad.

Watek Para Mantri anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta gesit dina ngalaksanakeun paréntah.

(1) Gesit

(0808) Mantri anu ditimbalan,
cedok nyembah gancang indit,
sarta bari tunggang onta,
nguriling di jero nagri,
mawa tambur// eujeung tanji,
sajalan ngaguruh,
unggal jalan diliwatan,
ceuk undang mantri,
Kangjeng Raja badé nikahkeun putrana.

(0809) Réndéngan Radén Muhammad,
ka Endén Khadijah Déwi,
putrana Sang Walih Sultan,

éta kabéh ngabdi-ngabdi,
 sakabéhna kudu ngiring,
 maké nu aralus,
 ari waktuna réndéngan,
 ngan dalapan poé deui,
 éta kabéh ulah aya nu nyaraba.

- (0810) Sadayana jalma-jalma,
 anu enggeus pada nguping,
 mantri anu ngundang-ngundang,
 pada ngomong pantes teuing,
 pameget sinareng istri,
 anu kasép jeung nu lucu,
 geus kamashur duanana,
 anu kasép jeung nu geulis,
 éta kitu omongan jalma nu loba.

15. Para Sadérék Raja Abi Tholib

- (0780) Samulangna éta mantri,
 miwarang Kangjeng Raja,
 nyauran para sadérék,
 piibuan piramaan,
 enggeus pepek sadayana,
 Kangjeng Raja seug ngadawuh,
 nyarioskeun ka sadaya.

- (0802)
 Raja bungah liwat langkung,
 jeung sadérék sadayana,
 sami bungah dina galih,
 Raja lajeng ngumpulkeun mantri-mantrina.

Watek para sadérék Raja Abi Tholib anu kagambar dina ieu wawacan nya éta maliré (perhatian)

(1) Maliré (perhatian)

Éta sikep téh katingali nalika para sadérék Raja Abi Tholib milu ngariung pikeun ngabahas ngeunaan perkara lamaran Kangjeng Nabi Muhammad.

- (0801) Sayyidu lajeng pamit
 geus mulih ti bumi Sultan,
 di jalan teu kacarios,
 geus dongkap ka nagara Mekah,

lajeng dumeuheus ka Raja,
para sadérék karumpul,
sakur nu pada nonoman.

16. Urang Arab

(0811) Urang Arab pada suka,
kabéh awéwé lalaki,
ngupingkeun nu ngundang-ngundang,
réh Nyai Khadijah Déwi,
istri kamashurkeun geulis,
rék ditikah ku nu alus,
manahna teuing lucuna,
resep temen mun ningali,
eukeur diiring ku anu loba.

Watek urang Arab anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta nurut kana paréntah.

(1) Nurut kana paréntah

Watek urang Arab anu nurut kana paréntah téh katingali nalika sakabéh jalma keur tatahar pikeun ngiring/ngarak Kangjeng Nabi Muhammad réndéngan jeung Nyi Khadijah Déwi.

(0816) Aing teu nurut paréntah,
lamun hanteu milu ngiring,
aing téh baha ka Raja,
sarta kaduana deui,
lamun aing hanteu milu ngiring,
moal meunang berkah tangtu,
sababna Radén Muhammad,
gedé berkahna téh leuwih,
yén kitu mah aing kudu ngiring téa.

17. Malaikat Ridwan

Malaikat Ridwan nyaéta kapala malaikat anu ngajaga sawarga.

(0825)
tuluy aya anu dongkap,
malaikat ti sawergi,
nu jenengan éta malaikat Ridwan.

Watek Malaikat Ridwan anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta nurut kana paréntah.

(1) Nurut kana paréntah

(0833) Nimbalan deui Pangéran,
enyaéta ka nu jadi juru kunci,
sawarga anu agung,
buka lawang sawargi,
nu dalapan ulah aya anu nutup,
amrih nyambuang ambeuna,
lajeng lawang sawargi.

(0834) Ku mala Ridwan dibuka,
sakabéhna éta lawang sawargi,
ngahémbos wangina terus,
kabéh para malaikat,
anu aya di sawarga kabéh turun,
jeung pada mawa gamelan,
nu dalapan belas rokit.

18. Malaikat Malik

Malaikat Malik nyaéta malaikat anu ngajaga naraka.

(0832) Tukang ngaraksa naraka,
nu jeneng malaikat Malik,
lawang naraka nu tujuh,
kabéh kudu ditutupan,
ulah aya nu kaluar bau,
sadaya lawang naraka,
tujuhanana dikunci.

Watek Malaikat Malik anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta nurut kana paréntah.

(1) Nurut kana paréntah

(0831)
Gusti Alloh ngadawuhan,
ka nu jadi juru kunci.

(0832) Tukang ngaraksa naraka,
nu jeneng malaikat Malik,
lawang naraka nu tujuh,
kabéh kudu ditutupan,
ulah aya nu kaluar bau,

sadaya lawang naraka,
tujuhanana dikunci.

19. Para Malaikat

(0845) Aya hiji malaikat,
anu nyaur batur ulah cékcok teuing,
ayeuna téh Kangjeng Rosul,
diiring diarak-arak,
nu sawaréh para malaikat pada bingung,
tuluy naros ka lurahna,
gegedén di sawargi.

Watek para malaikat anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta maliré (perhatian).

(1) Maliré (perhatian)

Sikep maliré (perhatian) para malaikat téh katingali nalika para malaikat aya anu cékcok tuluy dicarék sangkan ulah cékcok sabab Kangjeng Nabi keur diiring diarak-arak.

(0845) Aya hiji malaikat,
anu nyaur batur ulah cékcok teuing,
ayeuna téh Kangjeng Rosul,
diiring diarak-arak,
nu sawaréh para malaikat pada bingung,
tuluy naros ka lurahna,
gegedén di sawargi.

20. Wédadari

(0847) Ayeuna eukeur diarak,
anu matak sakabéh gé wédadari,
midang panganggo aralus,
jeung geulis pisan rupana,
wédadari istu geulisna téh punjul,
hanteu béda eujeung bulan,
malaikat kitu deui.

Watek wédadari anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta maliré (perhatian).

(1) Maliré (perhatian)

Éta sikep téh katingali nalika poéan Kangjeng Nabi Muhammad jeung Nyi Khadijah Déwi réndéngan, sakabéh wedadari maké pakéan anu sarwa alus, pikeun milu suka bungah réh Gustina eukeur diarak.

(0847) Ayeuna eukeur diarak,
anu matak sakabéh gé wédadari,
midang panganggo aralus,
jeung geulis pisan rupana,
wédadari istu geulisna téh punjur,
hanteu béda eujeung bulan,
malaikat kitu deui.

21. Ponggawa

(0830) Sadayana piramaan,
waktu ngadangdanan Nabi,
sami kumpul sadayana,
ponggawa eujeung para mantri,
.....

Watek para ponggawa anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta satia.

(1) Satia

Para ponggawa téh satia ngiring Kangjeng Nabi nalika Kangjeng Nabi rék nyampeurkeun kana batu.

(0904) Manawi kedah jeung tuan,
angkat ka ka'batullah,
Kangjeng Nabi lajeng angkat,
asup ka ka'batullah,
enggeus nyondong para mantri,
ponggawa ngarob ngariung,
Nabi lajeng ngadeukeutan,
kana batu tengah masjid,
lajeng Nabi ngajungjung pananganana.

22. Nyi Fatimah Déwi

Nyi Fatimah Déwi nyaéta istrina Kangjeng Nabi Muhammad.

(0896) Kakasihna Nyi Fatimah Déwi,
geulisna kasohor,
anu jadi ratu istri kabéh,
taya cacadna saeutik,
dhohir rawuh bathin,
sadayana terus.

Watek Nyi Fatimah Déwi anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta beresih/sampurna haténa (euweuh kagoréngan saeutik ogé).

(1) Beresih/sampurna haténa

(0896) Kakasihna Nyi Fatimah Déwi,
geulisna kasohor,
anu jadi ratu istri kabéh,
taya cacadna saeutik,
dhohir rawuh bathin,
sadayana terus.

23. Abdi-abdi Kangjeng Nabi Muhammad

(0911)
ngan nyalira Kangjeng Rosul,
eusi bumi sadayana,
abdi-abdi beunang meuli,
hanteu aya anu dicandak saurang.

Watek abdi-abdi anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta satia.

(1) Satia

Abdi-abdi téh satia ngiring Kangjeng Nabi nalika Kangjeng Nabi rék nyampeurkeun kana batu.

(0903) Jeung kabéh abdi-abdina,
lamun tuan kersa linggih,
angkat kana jero ka'bah,
réh aya batu sahiji,
tadi batu ku sim kuring,
jeung sakabéh batur,
dihantem diungkilan,
rék dijungjung teu kaindit
teu ka angkat sarambut ogé teu obah.

24. Jénab

Jénab nyaéta budak Kangjeng Nabi Muhammad anu kahiji.

(0893) Pangsepuhna putra Kangjeng Nabi,
Jénab (...),
nu kadua putra Kangjeng téh,
Siti Ruqayah kakasih,
katiluna deui,

Siti Kulsum.

Dina ieu wawacan, henteu dijéntrékeun sarta euweuh gambaran kumaha watek ieu palaku. Boh sacara analitik boh sacara dramatik. Pangarang ukur nataan ngaran-ngaran palakuna wungkul.

25. Siti Rukayah

Siti Rukayah nyaéta budak Kangjeng Nabi Muhammad anu kadua.

(0893) Pangsepuhna putra Kangjeng Nabi,
Jénab (...),
nu kadua putra Kangjeng téh,
Siti Ruqoyah kakasih,
katiluna deui,
Siti Kulsum.

Dina ieu wawacan, henteu dijéntrékeun sarta euweuh gambaran kumaha watek ieu palaku. Boh sacara analitik boh sacara dramatik. Pangarang ukur nataan ngaran-ngaran palakuna wungkul.

26. Siti Kulsum

Siti Kulsum nyaéta budak Kangjeng Nabi Muhammad anu katilu.

(0893) Pangsepuhna putra Kangjeng Nabi,
Jénab (...),
nu kadua putra Kangjeng téh,
Siti Ruqoyah kakasih,
katiluna deui,
Siti Kulsum.

Dina ieu wawacan, henteu dijéntrékeun sarta euweuh gambaran kumaha watek ieu palaku. Boh sacara analitik boh sacara dramatik. Pangarang ukur nataan ngaran-ngaran palakuna wungkul.

27. Radén Qosyim

Radén Qosyim nyaéta budak Kangjeng Nabi Muhammad anu kaopat.

(0894) Kaopatna putra Kangjeng Nabi,
 pameget téh montok,
 Radén Qosim kakasihna,
 ka lima putrana Nabi,
 éta pameget deui,
 Abdulloh disebut.

Dina ieu wawacan, henteu dijéntrékeun sarta euweuh gambaran kumaha watek ieu palaku. Boh sacara analitik boh sacara dramatik. Pangarang ukur nataan ngaran-ngaran palakuna wungkul.

28. Abdullah

Abdullah nyaéta budak Kangjeng Nabi Muhammad anu kalima.

(0894) Kaopatna putra Kangjeng Nabi,
 pameget téh montok,
 Radén Qosim kakasihna,
 ka lima putrana Nabi,
 éta pameget deui,
 Abdullah disebut.

Dina ieu wawacan, henteu dijéntrékeun sarta euweuh gambaran kumaha watek ieu palaku. Boh sacara analitik boh sacara dramatik. Pangarang ukur nataan ngaran-ngaran palakuna wungkul.

29. Ki Saduhum

Ki Saduhum nyaéta salasahiji ti opat bangsa Bopati anu anut Islam.

(0995) Sadayana enggeus mundur,
 jeung uluk salam ka Nabi,
 aya deui anu dongkap,
 ngadeuheus ka Kangjeng Nabi,
 sadayana jalma lima,
 saka//béh bangsa bopati.

(0996) Hiji ngaran Ki Saduhum,
 keduana Abdul Mu'in,
 katiluna Ki Walikah,
 anu kaopatna deui,
 éta ngaran Ki Hudman,
 anu kalimana deui.

(0997) Ngarana téh Ki Sahidu,
 éta nu lima bopati,
 sadayana anut Islam,
 ngucapkeun kalimah kalih,
 anu kalima sarengan,
 ti dinya geus pada mulih.

Watek Ki Saduhum anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta panceg.

(1) Panceg

Éta sikep téh katingali nalika manéhna ngadeuheus ka Kangjeng Nabi Muhammad pikeun anut Islam. Lantaran niatna pikeun anut Islam, manéhna geus panceg ninggalkeun agama heubeul sarta pindah ka agama suci.

(0997)

éta nu lima bopati,
 sadayana anut Islam,
 ngucapkeun kalimah kalih,
 anu kalima sarengan,
 ti dinya geus pada mulih.

30. Ki Abdul Mu'in

Ki Abdul Mu'in nyaéta salasahiji ti opat bangsa Bopati anu anut Islam.

(0995) Sadayana enggeus mundur,
 jeung uluk salam ka Nabi,
 aya deui anu dongkap,
 ngadeuheus ka Kangjeng Nabi,
 sadayana jalma lima,
 saka/béh bangsa bopati.

(0996) Hiji ngaran Ki Saduhum,
 keduana Abdul Mu'in,
 katiluna Ki Walikah,
 anu kaopatna deui,
 éta ngaran Ki Hudman,
 anu kalimana deui.

(0997) Ngarana téh Ki Sahidu,
 éta nu lima bopati,
 sadayana anut Islam,
 ngucapkeun kalimah kalih,

anu kalima sarengan,
ti dinya geus pada mulih.

Watek Ki Abdul Mu'in anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta panceg.

(1) Panceg

Éta sikep téh katingali nalika manéhna ngadeuheus ka Kangjeng Nabi Muhammad pikeun anut Islam. Lantaran niatna pikeun anut Islam, manéhna geus panceg ninggalkeun agama heubeul sarta pindah ka agama suci.

(0997)

éta nu lima bopati,
sadayana anut Islam,
ngucapkeun kalimah kalih,
anu kalima sarengan,
ti dinya geus pada mulih.

31. Ki Walikah

Ki Walikah nyaéta salahsiji ti opat bangsa Bopati anu anut Islam.

(0995) Sadayana enggeus mundur,
jeung uluk salam ka Nabi,
aya deui anu dongkap,
ngadeuheus ka Kangjeng Nabi,
sadayana jalma lima,
saka//béh bangsa bopati.

(0996) Hiji ngaran Ki Saduhum,
kaduana Abdul Mu'in,
katiluna Ki Walikah,
anu kaopatna deui,
éta ngaran Ki Hudman,
anu kalimana deui.

(0997) Ngarana téh Ki Sahidu,
éta nu lima bopati,
sadayana anut Islam,
ngucapkeun kalimah kalih,
anu kalima sarengan,
ti dinya geus pada mulih.

Watek Ki Walikah anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta panceg.

(1) Panceg

Éta sikep téh katingali nalika manéhna ngadeuheus ka Kangjeng Nabi Muhammad pikeun anut Islam. Lantaran niatna pikeun anut Islam, manéhna geus panceg ninggalkeun agama heubeul sarta pindah ka agama suci.

(0997)

éta nu lima bopati,
sadayana anut Islam,
ngucapkeun kalimah kalih,
anu kalima sarengan,
ti dinya geus pada mulih.

32. Ki Hudman

Ki Hudman nyaéta salasahiji bangsa Bopati anu anut Islam.

(0995) Sadayana enggeus mundur,
jeung uluk salam ka Nabi,
aya deui anu dongkap,
ngadeuheus ka Kangjeng Nabi,
sadayana jalma lima,
saka//béh bangsa bopati.

(0996) Hiji ngaran Ki Saduhum,
kادوانا Abdul Mu'in,
katiluna Ki Walikah,
anu kaopatna deui,
éta ngaran Ki Hudman,
anu kalimana deui.

(0997) Ngarana téh Ki Sahidu,
éta nu lima bopati,
sadayana anut Islam,
ngucapkeun kalimah kalih,
anu kalima sarengan,
ti dinya geus pada mulih.

Watek Ki Hudman anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta panceg.

(1) Panceg

Éta sikep téh katingali nalika manéhna ngadeuheus ka Kangjeng Nabi Muhammad pikeun anut Islam. Lantaran niatna pikeun anut Islam,

manéhna geus panceg ninggalkeun agama heubeul sarta pindah ka agama suci.

(0997)

éta nu lima bopati,
sadayana anut Islam,
ngucapkeun kalimah kalih,
anu kalima sarengan,
ti dinya geus pada mulih.

33. Ki Sahidu

Ki Sahidu nyaéta salahiji bangsa Bopati anu anut Islam.

(0995) Sadayana enggeus mundur,
jeung uluk salam ka Nabi,
aya deui anu dongkap,
ngadeuheus ka Kangjeng Nabi,
sadayana jalma lima,
saka/béh bangsa bopati.

(0996) Hiji ngaran Ki Saduhum,
kaduana Abdul Mu'in,
katiluna Ki Walikah,
anu kaopatna deui,
éta ngaran Ki Hudman,
anu kalimana deui.

(0997) Ngarana téh Ki Sahidu,
éta nu lima bopati,
sadayana anut Islam,
ngucapkeun kalimah kalih,
anu kalima sarengan,
ti dinya geus pada mulih.

Watek Ki Sahidu anu kagambar dina ieu wawacan nyaéta panceg.

(1) Panceg

Éta sikep téh katingali nalika manéhna ngadeuheus ka Kangjeng Nabi Muhammad pikeun anut Islam. Lantaran niatna pikeun anut Islam, manéhna geus panceg ninggalkeun agama heubeul sarta pindah ka agama suci.

(0997) Ngarana téh Ki Sahidu,

éta nu lima bopati,
sadayana anut Islam,
ngucapkeun kalimah kalih,
anu kalima sarengan,
ti dinya geus pada mulih.

4.4.2 Galur

Galur nyaéta runtusan kajadian dina carita anu nuduhkeun hubungan sabab akibat. Galur dina *Wawacan Siti Khadijah Dagang* téh kaasup kana galur mérélé, lantaran di awal carita diwanohkeun heula kumaha kaayaan kahirupan palaku utama ti leutik nepi ka gedéna, tuluy ditema ku rupa-rupa kajadian nepi ka pungkasna carita.

Upama dititénan, galur *Wawacan Siti Khadijah Dagang* téh bisa dibagi jadi sababaraha bagian carita, di antarana:

- 1) Pangarang muka carita dimimitian ku nyebut jenengan Gusti Alloh anu maparin ni'mat gedé jeung ni'mat leutik. Anu asih ka hambana henteu pegat nulung, di dunya rawuh ahérat.
- 2) Pangarang ngajéntrékeun yén Kangjeng Nabi Muhammad téh Nabi kakasih Pangéran, jungjunan alam anu digusti. Ti leuleutik Kangjeng Nabi Muhammad dikukut ku Uana, Abi Tholib Raja Mekah. Keur masih budak, Kangjeng Nabi Muhammad téh gawéna ngangon domba. Muhammad geus gedé, umurna geus dua puluh lima taun. Kangjeng Nabi Muhammad indit pikeun nginjeum modal ka Siti Khadijah, sodagar beunghar anu mashur tur punjur di nagara Mekah anakna Sultan Walid.
- 3) Kacaritakeun Nyi Khadijah Déwi nyaturkeun impianana ka Ki Mas Rokit jeung ka ahli palak, nyaéta Abdurrohman jeung Abdurrohim. Nyi Khadijah Déwi nyaturkeun yén manéhna ngimpi aya panonpoé anu hurungna kabina-bina asup ka imahna.
- 4) Sanggeus nepungan Siti Khadijah pikeun nginjeum modal, Kangjeng Nabi Muhammad milu balajar dagang jeung sodagar-sodagar séjénna ka nagara Syam pikeun ngalap kipayah.

- 5) Saméméh prung indit ka nagara Syam pikeun ngalap kipayah, palasodagar kabéh kumpul di imah Nyi Khadijah Déwi.
- 6) Nyi Khadijah Nyi Khadijah Déwi ogé ngutus hiji mantri, anu ngaranna Ki Mantri Maisaroh.
- 7) Geus cunduk kana waktuna, Kangjeng Nabi Muhammad jeung sakabéh sodagar-sodagar séjénna tuluy indit ka nagara Syam dipingpin ku kapala besar/kapala rombongan. Kapala besarna nyaéta Kangjeng Nabi Muhammad. Kangjeng Nabi Muhammad indit ti heula (dihareup) sarta nu loba ngiring ti tukang. Kéncá katuhu dihapit ku bedil, soara tambur jeung tanji geus ngaguruh, kaayaan ramé kacida.
- 8) Sanggeus wates nagara kaliwatan, sakabéhna eureun di dinya, di jero leuweung langgang. Tuluy masangrahan di dinya.
- 9) Geus kitu tuluy arindit deui neruskeun lalampahanana.
- 10) Ki Abu Jahal anu jadi kapalana. Di jalan téh loba manggih halangan-harungan. Ki Abu Jahal kapaéhan, rag-rag tina onta.
- 11) Ki Athobah anu jadi kapalana. Tuluy manggih halangan-harungan deui. Di jalan téh dicegat ku macan.
- 12) Nalika panonpoé geus surup, sakabéhna masangrahan deui hij tempat. Ku sabab sieun lamun kudu leumpang ti peuting sarta weritna kabina-bina.
- 13) Isukna barempug deui. Qosyim anu jadi kapalana, kolot anu pantes tihela sabab manéhna geus mindeng pisan nyaba ka nagara Syam téh. Tambur geus ngabangbrang deui, Qosyim geus tunggang onta di hareup.
- 14) Kacaritakeun aya malaikat anu turun ka alam dunya. Malaikat Jabroil turun ti sawarga mawa onta bikang sahiji. Sakabéh pada suka bungah lantaran manggih jalan rata kacida. Tapi, éta onta bikang téh geus ilang teuing kamana léosna.
- 15) Qosyim bingung kacida, manggih jalan jadi buntu. Geus teu nyaho kalér-kidul. Sakabéhna rempug balik deui ka tukang. Tapi weléh jalan anu urut tadi téh teu kapanggih. Kacida susahna di Tegal Alas. Ki Abu Jahal matur

yén sakabéh kasusah anu karandapan téh lantaran Kangjeng Nabi Muhammad milu jeung rombongan. Tapi, Ki Abu Bakar percaya yén sakabéh kasusah téh datang lantaran henteu ngiring Kangjeng Nabi Muhammad katut agamana.

- 16) Tuluy Kangjeng Nabi Muhammad jadi kapalana. Kabéh pada ngiring ti tukang. Barang Kangjeng Nabi Muhammad di hareup jadi kapalana, jalan téh jadi molongpong. Kabéh kaalusan sarta berkah téh narémbongan. Kabéh anu ngiring pada suka ati.
- 17) Kacaritakeun sakabéhna masangrahan deui di dinya. Taya karisi jeung kapaur. Anu saré tibra ti soré tepi ka isuk.
- 18) Sanggeus kitu, nuluykeun deui lalampahanana. Kabéh jengkar murubul. Kangjeng Nabi anu diiring, kabéh anu di tukang pada ngomong suka ati.
- 19) Kangjeng Nabi tuluy ngadawuh nitah eureun sing tarapti. Kabéh ngala buah korma pabuis. Geus kitu tuluy neruskeun deui lalampahanana.
- 20) Di jalan, kacatur aya hiji jalma anu ngadeuheus ka Kangjeng Nabi. Manéhna ngabéjaan sangkan Kangjeng Nabi ulah waka indit, sabab teu jauh ti dinya aya oray gedé peurahna matih kacida sarta galakna teu kira-kira. Lian ti éta loba sato-sato galak séjenna.
- 21) Tuluy Kangjeng Nabi Muhammad indit ka leuweung pikeun ningali éta oray. Kangjeng Nabi diiring ku Ki Mantri Maisaroh jeung batur-burna, iwal ti Ki Abu Jahal jeung nu loba henteu milu nyampeurkeun oray. Hulu oray téh dicocok ku Kangjeng Nabi, oray galak téh geus paéh, lumpat asup kana gunung beula. Tuluy aya manuk gagak matur ngabéjaan yén éta oray téh geus paéh. Sakabéh anu ngiring pada muji ka Kangjeng Nabi, iwal Ki Abu Jahal, Qosyim, Ki Athobah, jeung sabatur-burna.
- 22) Ti dinya langsung pada jengkar deui ka Tegal Alas. Di Tegal Alas manggih wahangan gedé kacida tapi caina saat. Tuluy Kangjeng Nabi masangrahan deui di dinya.

- 23) Sanggeus masangrahan di dinya téh, sakabéhna manggih deui kasusah, kadatangan cai caah.
- 24) Isukna, kadatangan uncal tilu. Éta uncal téh nuduhkeun jalan. Poma-poma kudu dituturkeun éta uncal téh, kudu kukuh ningali ka éta uncal, ulah rararérét ka tukang, sarta ulah aya anu nyimpang boh lampah boh ati. Sabab lamun aya anu nyimpang, tangtu kasasar di jalan sarta geus tangtu tiwas moal hirup deui.
- 25) Tuluy papanggih jeung hiji jalma. Éta jalma téh ngabéjaan aya dua jalan anu bisa diliwatan pikeun nyaba ka nagara Syam téh.
- 26) Kangjeng Nabi Muhammad tuluy indit nyampeurkeun singa. Tapi éta singa téh sujud di hareupeun Kangjeng Nabi Muhammad, éta singa téh matur yén manéhna ménta berkah ti Kangjeng Nabi Muhammad sangkan salamet salawasna. Geus kitu, tuluy singa ngaleungit, asup ka nu bala.
- 27) Geus kitu tuluy neruskeun deui lalampahanana. Di jalan papanggih deui jeung hiji jalma. Éta jalma téh ngabéjaan yén di hareup téh aya balai gedé. Aya oray gedéna kacida.
- 28) Tuluy manggih hiji imah. Éta imah téh imah Kiyai, anu kadua imah santrina nyanding ka jalan. Kiyai Sahroh ngaranna. Éta Kiyai téh geus nyaho bakal aya Kangjeng Nabi Muhammad ngaliwat ka éta jalan.
- 29) Aya hiji jalma anu ngabéjaan Kangjeng Nabi Muhammad kudu sing titi, sabab di dinya loba paling. Bener waé ti dinya téh kadatangan paling. Kacaritakeun geus peuting, ka dinya téh loba nu ngajugjug, karepna arék maling. Meneran ka palebah Kangjeng Nabi Muhammad, ngadadak bumi téh beulah ngaburial bijil cai. Kangjeng Nabi Muhammad awas ningali ka nu maling, sedengkeun éta nu maling henteu awas ningali ka Kangjeng Nabi Muhammad.
- 30) Kangjeng Nabi Muhammad geus tunggang onta, ti dinya téh jengkar deui. Geus tepi ka hiji tempat, di Tegal Alas, Kangjeng Nabi Muhammad tuluy masangrahan di dinya.

- 31) Kacaritakeun ngan tinggal sakeudeung deui lalampahan ka nagara Syam téh cunduk.
- 32) Loba urang kapir datang rék meuli barang Kangjeng Nabi Muhammad anu dipangjualkeun ku Ki Mas Patinggi. Urang kapir pada héran ningali Kangjeng Nabi Muhammad, henteu béda jeung panonpoé, hurung mancur cahya patingkaretip sarta seungitna kalangkung. Urang kapir téh rempug rék maéhan Kangjeng Nabi Muhammad.
- 33) Kacatur isukna, Kangjeng Nabi Muhammad dibawa ka imah jalma nu opatan. Kangjeng Nabi Muhammad rék dipaéhan ku éta jalma. Tapi, ku kersanig Pangéran, niat goréng téh bet malik cilaka ka sorangan. Éta jalma téh tuluy sujud ka Kangjeng Nabi Muhammad, manéhna totobatan bari ceurik ngabangingik. Kitu ogé batur-baturna pada ngambung kana suku Kangjeng Nabi Muhammad, sarta bari sumeja ka agama Kangjeng Nabi Muhammad.
- 34) Kangjeng Nabi Muhammad diiring ku Abu Bakar. Di jalan manggih hiji jalma anu keur manday. Éta panday téh boga niat goréng ka Kangjeng Nabi Muhammad. Manéhna meuleuman beusi sarta ditumpuk-tumpuk. Tapi éta seuneuna téh nyebrot, ngagulung jadi hiji ngan nyebrot ka manéhna wungkul. Tukang panday téh tutung saawak-awak. Tuluy manéhna nyembah totobatan. Éta tukang panday téh rék ngumpulkeun batur-baturna pikeun néwak Kangjeng Nabi Muhammad. Tapi Kangjeng Nabi Muhammad geus indit ti dinya.
- 35) Kangjeng Nabi Muhammad jeung sabatur-baturna tuluy budal ti nagara Syam. Di jalan manggih hiji jalma anu mukim. Ki Yusang ngaranna, gawéna téh nyembah berhala beurang kalawan peuting. Barang kadatangan Kangjeng Nabi Muhammad, Ki Yusang téh kacida bungahna. Tuluy Maisaroh Mantri nyaritakeun impian anu karandapan ku Nyi Khadijah Déwi. Nurutkeun Ki Yusang, éta Nyi Déwi Khadijah téh bakal jodoan Nabi.

- 36) Sakabéhna tuluy budal. Di jalan manggih hiji talaga tapi henteu eureun. Tuluy manggih deui hiji tempat anu alus tur rata, masangrahan di dinya tarapti. Kangjeng Nabi Muhammad jeung sabatur-baturna neruskeun deui lalampahan. Wates nagara geus kaliwat, téreh cunduk ka nagara Mekah.
- 37) Di Kaputrén, Nyi Khadijah Déwi téh ngimpi papanggih jeung Kangjeng Nabi Muhammad. Ti saprak meunang éta impian téh, Nyi Khadijah Déwi teu puguh nya laku, gawéna téh nganti-nganti anu datang. Sanggeus narima surat ti Maisaroh mantri, Nyi Khadijah Déwi téh kacida bungahna.
- 38) Anu dianti-anti téh kacaritakeun geus datang ka Mekah nagari. Urang Mekah kabéh budal, ningali anu datang. Nyi KaHatijah Déwi tuluy mapag Kangjeng Nabi Muhammad. Katingali cahyana moncorong. Palasodagar tuluy balik ka imahna. Kitu ogé Kangjeng Nabi Muhammad. Raja Abi Tholib sarta Déwi Hatijah kacida bungahna ningali putrana geus datang.
- 39) Kacaritakeun di Kaputrén, Nyi Khadijah Déwi ngimpi kadatangan kai gedé ka imahna, ngiuhan ka nagara Mekah. Tuluy Nyi Khadijah Déwi muka kitab Walid Sultan. Éta balukar impian téh, Nyi Khadijah Déwi bakal carogéan Nabi. Kitu deui dina kitab-kitab urang Mekah sarta dina kitabna Ki Mas Rokit. Sultan Walid jeung Nyi Khadijah Déwi ngirim utusan nyaéta Ki Mantri Maisaroh. Sedengkeun Raja Abi Tholib ngirm utusan nyaéta Ki Sayyidu. Duanana geus sapuk yén Nyi Khadijah Déwi jeung Kangjeng Nabi Muhammad téh rék réndéngan.
- 40) Geus cunduk kana waktuna, Dén Putri Khadijah Déwi jeung Kangjeng Nabi Muhammad téh réndéngan. Lir bulan eujeung panonpoé. Kabéh pada suka bungah ningali.
- 41) Kacaritakeun dina umur 25 taun, Kangjeng Nabi Muhammad boga budak. Anu pangkolotna Jénab, anu kadua Siti Ruqayah, anu katilu Siti Kulsum, anu kaopat Radén Qosyim, anu kalima Abdullah.

- 42) Nalika umur 30 warsih jeung leuwihna tilu taun, Kangjeng Nabi Muhammad boga gerwa deui, nyaéta Nyi Fatimah Déwi. Geulisna kasohor, anu jadi ratu istri kabéh, saeutik ogé euweuh cacadna.
- 43) Kacaritakeun, Gusti Nu Maha Suci maréntahkeun malaikat turun ka dunya pikeun miceunan sakabéh berhala sarta Masjid Harom kudu maké opat lawang.
- 44) Dina umur 38 taun, Kangjeng Nabi Muhammad ningali cahya kuwung-kuwungan melengkung. Tuluy aya soara anu nyeluk-nyeluk ka Kangjeng Nabi, tapi henteu katingali rupana. Sarta éta sora téh ngan kadangu ku Kangjeng Nabi Muhammad wungkul. Kangjeng Nabi Muhammad tuluy indit ka luhur gunung. Genep poé genep peuting nungguan di luhur gunung. Ari poé katujuhna, Kangjeng Nabi balik ka imahna, tuluy nyaritakeun sagala rupa anu kaalamanana ka Nyi Khadijah Déwi.
- 45) Isukna, Kangjeng Nabi Muhammad jeung Nyi Khadijah Déwi arindit ka luhur gunung. Nyi Khadijah Déwi kacida reuaseunana ningali cahya hurung mancur. Tapi, éta cahya téh musna geus tampa karana. Geus sapoé jeput weléh baé henteu aya. Nalika poé geus burit, Kangjeng Nabi Muhammad jeung Nyi Khadijah Déwi baralik ka imahna. Isukna, Kangjeng Nabi Muhammad indit deui ka gunung sorangan. Éta soara jeung cahya anu hurung mancur téh teu pegat beurang jeung peuting.
- 46) Kacaritakeun, umur Kangjeng Nabi Muhammad nincak 40 taun. Éta téh mangsa jumenengna Nabi. Nalika di malem Jumaah, bulan Rabiul Awal tanggal 18, datang utusan Yang Manon. Nyaéta Malaikat Jabroil diutus sangkan Kangjeng Nabi Muhammad asup kana fidinillah, asup kana agama Islam.
- 47) Kangjeng Nabi Muhammad dibéré sinjang anu hurung mancur ti Robbul Aalamiin. Saeusining bumi tujuh jeung langit tujuh sakabéhna dipaparinkeun ka Kangjeng Nabi Muhammad. Sarta ayeuna Kangjeng Nabi Muhammad jumeneng Nabi utusan.

- 48) Kangjeng Nabi Muhammad ku malaikat Jabroil dititah maca surat Alaq. Kangjeng Nabi cicing di Jabal Harom, malaikat Jabroil tuluy balik deui ka langit. Kacaritakeun Kangjeng Nabi Muhammad tuluy turun ti luhur gunung, balik ka imahna.
- 49) Nyi Khadijah Déwi tuluy dipapatahan maca sahadat. Nyi Khadijah Déwi téh geus asup Islam. Kitu deui Abu Bakar jeung Ki Sayyidu. Sanggeus Ki Sayyidu asup Islam, sakabéh tatanggana téh dititah asup Islam. Kitu ogé tatanggana Abu Bakar. Sakabéhna anu datang ka Kangjeng Nabi téh dipapatahan kudu asup Islam, saperti lima bopati nyaéta Ki Saduhum, Abdul Mu'in, Ki Walikah, Ki Hudman, jeung Ki Sahidu.
- 50) Kangjeng Nabi Muhammad téh indit deui ka Jabal Harom. Tapakur meunang sapeuting. Tuluy datang Jabroil mawa surat Muzzamil jeung Alaq. Kangjeng Nabi Muhammad dititah abdas sarta dipapatahan solat. Sakur anu anut agama kabéh dipapatahan solat. Tapi pada nyumput sieun kapanggih ku urang kapir. Salila tilu bulan téh urang Islam solat henteu kapanggih ku kapir.
- 51) Kaopat bulanna, datang malaikat Jabroil mawa Quran, sarta malaikat Jabroil matur yén Kangjeng Nabi Muhammad kudu solat ulah bari nyumput-nyumput. Teu lila, loba urang kapir datang rék asup agama suci. Kangjeng Nabi Muhammad kacida bungahna.
- 52) Kacaritakeun aya ogé urang Kapir anu keur sujud kana berhala. Ki Sayyidu datang tuluy mamatahan ka urang kapir. Pada ambek sakabéh urang kapir ngadéngé omongan Sayyidu. Urang kapir rerempungan rék maéhan Kangjeng Nabi Muhammad.
- 53) Raja Abi Tholib unggal poé dipapatahan sangkan asup ka agama anyar, tapi keukeuh Raja Abi Tholib iman ka agama tiheula. Kitu deui Kangjeng Nabi Muhammad, keukeuh sanajan kapir-kapir urang Mekah rék pada maéhan ogé, henteu sieun henteu reuas.

- 54) Urang kapir teu béakkeun akal, maranéhna rék nukeuran Kangjeng Nabi Muhammad jeung budak lalaki, sartana dipasrahkeun ka Raja Abi Tholib. Kangjeng Nabi Muhammad rék dipiceun ka luar Mekah. Raja Abi Tholib kacida ngambekna, urang kapir tuluy mundur.
- 55) Kangjeng Nabi Muhammad tambah keras maréntahna, nitah anut Islam. Beuki loba jalma anu anut agama Islam. Geus hampir saparo urang kapir anu anut Islam. Anu sawaréhna deui, tetep ngarah Kangjeng Nabi. Urang Kapir rerempugan ruang-riung. Tapi ngan saukur omongan, euweuh anu kaduga madep ka Kangjeng Nabi Muhammad téh, kacida sieuneunana urang Kapir.

4.4.3 Latar

Latar mangrupa tempat, waktu, jeung suanana kajadian dina carita.

a) Latar Tempat

Latar tempat anu nyampak dina *Wawacan Siti Khadijah Dagang* ngawengku sawatara patempatan, saperti nagara Mekah, nagara Syam, nagara Rum, sarta tempat-tempat nu aya di sabudeureunana.

1. Mekah

Ieu nagara mangrupa tempat jumeneng Raja Abi Tholib, Kangjeng Nabi Muhammad, katut parakulawargana. Sarta tempat hirup kumbuhna para sodagar-sodagar.

(0008)

geus lami di Mekah calik,
ayeuna mah anggur dagang,
angkat ka nu jauh,
jeung tampa kesel salira,
jeung sampéan Ujang téh bari pelesir,
ningali nagara lian.

(0118) Mulih ka nagara Mekah,
dijajapkeun ku mantri nu mawa duit,
énggalna anu dicatur,
parantos sumping ka Mekah,
.....

Di Mekah ogé kapanggih sababaraha tempat anu aya di sabudeureunana, saperti di imah Nyi Khadijah Déwi, di luar imah Nyi Khadijah Déwi, di imah Raja Mekah, di jero padaleman, di Tegal, di jalan (leuweung), di Tamansari, jeung di luhur gunung (Jabal Harom).

(1) Imah Nyi Khadijah Déwi

Ieu tempat mangrupa pangcalikan Nyi Khadijah Déwi jeung emban-embanna.

(0040)

éta anu dua jalma,
ti bumi Khadijah lungsur,
pada mulang ka bumina,
kacarios hiji wengi,
waktuna téh kira-kira ba'da isa.

(0055)

réhna embi kantos sumping,
ka imah kuring téh nuhun,
.....

(2) Di luar imah Nyi Khadijah Déwi

(0044)

nguningakeun ka Sang Déwi,
Nyai aya sadérék Ratu,
ayeuna aya di luar,
badé dumeuheus ka Gusti,
Nyi Khadijah teu kinten kagét manahna.

(0062)

Kangjeng Nabi anu angkat ka Déwi Khadijah sumping,
lajeng linggih di luareun pager bata.

(0094) Énggalna Khadijah Déwi,
lungsur lajeng kana lawang,
ka luar lawang ngalongok,
naha kulanun katuron,
Gamparan linggih didinya,
Gamparan téh ulah kitu,
ka dieu mangga lalenggang.

(3) Di Imah Raja Mekah

Ieu tempat mangrupa pangcalikan Raja Mekah katut kulawargana.

- (0058) Raja kasondong keur lenggang,
jeung putra di tengah bumi,
-

(4) Jero Padaleman

- (0065) Keur kitu aya anu bijil,
tina jero padaleman,
-

(5) Di Tegal

Ieu tempat mangrupa salahiji jalan anu kasorang ku Kangjeng Nabi Muhammad jeung rombongan séjénna nalika lalampahan ka nagara Syam.

- (0145) Geus ngaliud dina tegal,
sapertina nu keur ngajaga jurit,
bedil tumbak mani racung,
sapirang-pirang pakarang,
pada nyorén pedang buatan Istambul,
énggal sadaya geus dongkap,
jeung batur geus jadi hiji.

(6) Di Jalan (Leuweung)

Ieu tempat mangrupa salahiji jalan anu kasorang ku Kangjeng Nabi Muhammad jeung rombongan séjénna nalika lalampahan ka nagara Syam.

- (0148) Kawas jalma bisa leumpang,
ku panjangna aleutan,
onta ngabérés,
anu arangkat geus jauh,
wates nagara kaliwat,
geus rék nyorang leuweung langgang luang liung,
pék eureun deui di dinya,
masangrahan geus sayagi.

- (0187) Tuluy maju leumpang kira sapanyeluk,
naha jalma nu tihela,
sakabéh pabuis géhgér,
aya macan ngahalangan dina jalan.

(7) Di Tamansari

Ieu tempat mangrupa tempat Kangjeng Nabi Muhammad niis.

(0913) Nu matak angkat nyalira,
 ti dinya téh Kangjeng Nabi,
 lajeng deui baé angkat,
 geus jengkar ti tamansari,
 ngan nyalira baé Nabi,
 munggah kana luhur gunung,
 geus sumping lajeng ngiuhan,
 tiis di handapeun kai,
 ngadangukeun soara nu ngundang-ngundang.

(8) Di luhur gunung (Jabal Haram)

Di luhur gunung mangrupa tempat Kangjeng Nabi Muhammad
 narima wahyu ti Alloh ngaliwatan Malaikat Jabroil.

(0913) Nu matak angkat nyalira,
 ti dinya téh Kangjeng Nabi,
 lajeng deui baé angkat,
 geus jengkar ti tamansari,
 ngan nyalira baé Nabi,
 munggah kana luhur gunung,
 geus sumping lajeng ngiuhan,
 tiis di handapeun kai,
 ngadangukeun soara nu ngundang-ngundang.

(0929) Kangjeng Nabi jongjon baé linggih,
 dina luhur Jabal Haram téa,

2. Nagara Rum

Nagara Rum nyaéta nagara palasodagar anu sok nginjeum modal ka Nyi
 Khadijah Déwi.

(0013)
 ti Erum ti Esam nagari,
 pada ngararinjeum modal,
 jangjina teu tangtu,
 éta ku Déwi Khadijah,
 anu deukeut anu jauh dipaparin,
 ku tina sabab murohna.

3. Nagara Syam

Nagara Syam mangrupa nagara anu dijugjug ku palasodagar pikeun dagang ngalap kipayah. Nagara Syam nyaéta nagara di sisi Laut Tengah beulah wétan deukeut tanah Arab, anu ayeuna katelah Suriah atawa Siria.

(0442) Nu ditanya ngawalonan,
 kami ti Mekah nagari,
 ti bangsa Qurés kampungna,
 rék dagang ka Esam nagri,
 balikan deui nanya kami,
 saha anu boga lembur,
 imahna// nyanding ka jalan,
 kawas imahna Kiyai,
 ceuk Ki Santri éta nu kagungan imah.

b) Latar Waktu

Latar waktu dina *Wawacan Siti Khadijah Dagang*, dibagi dua, nyaéta dumasar kana lilana jeung dumasar kana titimangsa.

1. Dumasar kana Lilana

Latar waktu anu nuduhkeun lilana waktu anu digunakeun, di antarana salawé taun punjulna sabulan, dua puluh lima taun jeung sabulan waktu nikahna, tilu puluh warsih leuwih tilu taun, tilu puluh dalapan taun, genep poé genep peuting, sapoé jeput, sapoé, opat puluh dalapan taun, lima ratus taun, jeung tilu bulan.

(1) Salawé taun punjulna sabulan

Dina ieu kontéks, keterangan waktu ieu nuduhkeun lilana Raja Abi Tholib ngukut Kangjeng Nabi Muhammad, nyaéta nepi ka umurna salawé taun jeung punjulna sabulan.

(0048) Geus teu ibu geus teu rama,
 hanteu kinten matak watir,
 tatapi ari ayeuna,
 dikukut ku rama Nyai,
 ku Sri Raja Abi Tholib,
 dikukutna ti lelembut,
 enggeus dongkap ka ayeuna,
 sampé umurna téh Nyai,
 enggeus aya salawé tahun yuswana.

(0049) Eujeung punjulna sabulan,
atuh geus gedé téh teuing,

.....

(2) Dua puluh lima taun jeung sabulan waktu nikahna

Nalika nincak dua puluh lima taun jeung sabulan waktu nikahna,
kacaritakeun geus lila, Kangjeng Nabi boga budak awéwé.

(0892) Yuswa Nabi dua puluh leuwih,
lima tahun nonjol,
jeung sabulan waktu nikahna téh,
kacarios geus lami,
kagungan Jeng Nabi,
putra istri alus.

(4) Tili puluh warsih leuwih tili taun

Nalika Kangjeng Nabi nincak tili puluh tili taun, Kangjeng
Kangjeng Nabi Muhammad boga deui istri.

(0895)
Kangjeng Nabi waktu harita téh,
yuswa tili puluh warsih,
eujeung tili taun leuwih,
kagungan istri deui alus.

(5) Tili puluh dalapan taun

Nalika Kangjeng Nabi Muhammad nincak tili puluh dalapan taun,
Kangjeng Nabi Muhammad ningali cahaya anu matak kagét kana
manahna.

(0907)
dina yuswa Kangjeng Nabi,
tilu puluh tahun leuwih,
langkungna dalapan tahun,
Nabi ningali cahaya,
padang lir purnama sidik,
hanteu kinten kagét mamanahanana.

(6) Genep poé genep peuting

Salila geneb poé geneb peuting, Kangjeng Nabi Muhammad cicing
di gunung henteu balik ka imahna.

(0914)

Kangjeng Nabi hanteu mulih,
kulem dina luhur gunung,
samalah éta lamina,
geneb dinten geneb wengi,
linggih baé hanteu mulih ka bumina.

(7) Sapoé jeput

Kangjeng Nabi Muhammad jeung Nyi Khadijah Déwi nungguan
cahya datang meunang sapoé jeput, tapi éta cahya téh teu némbongan
waé.

(0919)

méh sadinten jeput,
weléh baé hanteu aya,
enggeus burit lajeng mulih Kangjeng Nabi,
diiringkeun ku gerwana.

(8) Sapoé

Kangjeng Nabi Muhammad jeung Nyi Khadijah Déwi ngan sapoé di
gunungna, sabab éta cahya téh teu némbongan deui.

(0920) Ngan sadinten di gunungna calik,
harita téh sarengan gerwa,
ku sabab suwung cahya téh,
ari ka bumi geus asup,
.....

(9) Opat puluh dalapan taun

Taun mangsana jumenengna Kangjeng Nabi Muhammad téh nalika
nincak opat puluh taun.

(0923)

ari enggeus lila-lila,
yuswa opat puluh// tahun jejeg hanteu kurang,
geus mangsana tahun jumenengna Nabi,
nuju di malem Jumaah,
dina bulan Robiul awwal.

(10) Lima ratus taun

Sinjang paméré Gusti Alloh téh bisa nyaangan dunya, lalampahan
lima ratus taun bakal caang kahibaran.

(0939) Hibar sakuriling bumi,
ti kulon nepi ka wétan,
ti kidul nepi ka kalér.
Ka luhur ka langit pisan,
sadunya geus kakebekan,
lampah lima ratus taun,
éta caang kahibaran.

(11) Tilu bulan

Salila tilu bulan, urang Islam ngalaksanakeun solat kalawan
susulumputan, sabab sieun kapanggiheun ku urang kapir.

(1020) Lamina téh tilu bulan,
urang Islam solat hanteu katawis,
kaopat bulan kacatur,
sumping utusan pangéran,
enyaéta malaikat Jibril mashur,
sumpingna téh uluk salam,
ngemban timbalan Yang Widi.

2. Dumasar kana Titimangsa

Titimangsa dumasar kana iraha waktu éta digunakeun, di antarana
ayeuna, isuk/isuk/énjing, hiji mangsa, baréto, saban poé, peuting/wengi,
beurang/siang jeung isuk-isuk/enjing-enjing, jaga, harita

(1) Ayeuna

Dina ieu kontéks, nuduhkeun sababaraha kaayaan anu karandapan
harita kénéh.

(0006) Seug ngandika Raja Abi Tholib,
ngawurukan ka Gusti Muhammad,
sasauran langkung alon,
aduh Gusti Ua enung,
jimat Ua anu leungit,
caang Radén ayeuna mah,
da geus ageung enung,
meujeuhna ayeuna Ujang,
balangsiar peupeuriheun masih alit,
Gusti téh ngan ngangon domba.

(0007)
 ku Ua dijurung,
 tatapi ari ayeuna,
 da geus ageung lamun masih ngangon kambing,
 nista temen ka salira.

(0014) Geura Ua ayeuna Gusti,
 Ujang kudu milu jeung nu loba,
 ka Déwi Khadijah Radén,

(0032)
 ayeuna téh masih goib,
 ka dunya teu acan turun,
 anu kagungan Qur'an nyaéta Muhammad Nabi,
 mun teu aya jenengna Nabi Muhammad.

(0042)
 poma-poma masing hasil,
 cig ayeuna pisan rayi kudu leumpang.

(0048) Geus teu ibu geus teu rama,
 hanteu kinten matak watir,
 tatapi ari ayeuna,

Ieu latar waktu téh nuduhkeun kaayaan anu karandapan harita kénéh
 nalika palasodagar rék indit ariang dagang ka nagara Syam.

(0107)
 éta kumaha kersana,
 malah kabéh batur-batur,
 ayeuna téréh ariang.

(2) Isuk/isukan/enjing

Dina ieu wawacan, anu ngagunakeun keterangan waktu isuk téh
 nalika Kangjeng Nabi Muhammad rék ngadeuheus pikeun nginjeum
 modal ka Nyi Khadijah Déwi.

(0050) Istu karepna sorangan,
 teu aya anu meredih,
 isuk atawa iraha,
 éta anak nu bieu,

(0060)

coba isukan Gusti,
dading téh kudu ka ditu,
nepungan Déwi Khadijah,
karepna ulah dipungkir,
sakersana ku Ujang kudu lakonan.

Ieu keterangan waktu énjing téh nuduhkeun poé isukan Kangjeng Nabi Muhammad kudu ngadeuheus ka Nyi Khadijah Déwi.

(0081)

Nyi Déwi Khadijah nyaur,
dinten énjing téh gamparan.

Ieu keterangan waktu téh nuduhkeun isukna Kangjeng Ua kudu ngadeuheus ka Nyi Khadijah Déwi.

(0085) Hanteu kinten wanti-wanti,
dinten isuk Kangjeng Ua,
kedah linggih isukna téh,
.....

(3) Hiji mangsa

Ieu keterangan waktu téh nuduhkeun dina hiji waktu Hatijah keur gunem catur jeung Raja Abi Tholib.

(0004) Sadérékna Raja Abi Tholib,
hiji istri kakasih Hatijah,
hiji mangsa kacarios,
kangjeng Raja// gunem catur,
.....

(3) Baréto

Ieu keterangan waktu nuduhkeun mangsa nu geus lila kaliwat, nyaéta nyaritakeun nalika Kangjeng Nabi Muhammad keur budak kénéh.

(0007) Sareng Ujang jimat Ua Gusti,
keur baréto Ujang masih budak,
sakersa-kersa gagan téh,
.....

(0106) Baréto keur murangkalih,

damelna ngan ngangon domba,
ayeuna mah da geus gedé,

.....

(4) Saban Poé

Ieu keterangan waktu nuduhkeun kajadian anu unggal poé karandapan. Saban poé jalma datang nginjeum duit pikeun modal ka Nyi Khadijah Déwi.

(0012) Parandéné éta dipaparin,
anu nginjeum jalma datang leumpang,
saban poé hanteu lowong,

.....

Saban poé Kangjeng Nabi Muhammad jeung Ki Sayyidu maréntah jalma-jalma sangkan anut Islam.

(1057) Saban poé diparéntah,
ku Sayyidu sareng putra,
yén kudu salin agama,
karana agama anyar.

(5) Peuting/wengi, Beurang/siang jeung Isuk-isuk/enjing-enjing

Dina ieu wawacan, anu ngagunakeun keterangan waktu peuting/wengi téh nyaéta nalika Nyi Khadijah Déwi ngimpi panonpoé datang asup ka imahna.

(0022),
ari geus dongkap ka wengi,
kacatur baé Khadijah,
eukeur saré tuluy,
ngimpén panonpoé datang,
tuluy asup ka bumi Khadijah Déwi,
hurungna kabina-bina.

(0040),
pada mulang ka bumina,
kacarios hiji wengi,
waktuna téh kira-kira ba'da isa.

Dina ieu wawacan, anu ngagunakeun keterangan waktu peuting/wengi téh nyaéta nalika Nyi Hatijah rék ngadeuheus ka imahna Nyi Khadijah Déwi

(0043) Kocap angkat Nyi Hatijah,
ku emban-emban diiring, 8i
ti peuting éta angkatna, 8a

.....

(0047) Embi téh naon nya kersa,
anu mawi wengi-wengi,
jisim kuring téh rareuas,

.....

Dina ieu wawacan, anu ngagunakeun keterangan waktu beurang/isuk téh nyaéta nalika Nyi Khadijah Déwi maréntah sangkan Ki Mas Rokit datang ka imahna pikeun nanyakeun harti impian.

(0024)
dongkap ka béré beurang,
ari enggeus isuk,
tuluy miwarang emban,
ngaturanan jalma-jalma si Mas Rokit,
kocapkeun baé geus dongkap.

Dina ieu wawacan, anu ngagunakeun keterangan waktu wengi, isuk-isuk, jeung isukna téh nyaéta nalika Kangjeng Nabi Muhammad boga niat rék ngadeuheus ka Nyi Khadijah Déwi pikeun nginjeum modal.

(0061)
lajeng karulem geus wengi,
kacatur isukna deui,
lajeng gugah isuk-isuk lajeng dangdan,
lungsur angkat kangjeng Nabi,
ngan nyalira teu aya pisan réncangna.

(0082)
sareng énjing-énjing pisan,
poma-poma kulanun,
hayang ulah ngantos gagal.

(0092)
wengi hanteu kacarios,

kacatur enggeus isukna,
lajeng baé Raja jengkar,
jeung putrana enggeus cunuk,
ka bumi Déwi Khadijah.

Dina ieu wawacan, anu ngagunakeun keterangan waktu isukna téh nyaéta sanggeus Kangjeng Nabi Muhammad jeung sabatur-baturna masangrahan di hiji tempat.

(0195) Arék tuluy sieun aya deui maung,
kocapkeun sakabéh nanya,
didinya sakabéh mondok,
kocap deui isukna ari geus beurang.

(6) Jaga

Ieu keterangan waktu téh nuduhkeun waktu anu bakal kasorang ku Kangjeng Nabi.

(0016)
da meureun Ujang téh tangtu,
jaga téh kagungan rayi,
nyaétang-étang diajar,
anjeun urus-urus,
peta nu ngalap kipayah,
supayana jaga ulah néngkas teuing,
ari enggeus gerehaan.

(7) Tanggal 18 malem Jumaah bulan Rabiul Awwal

Kangjeng Nabi Muhammad téh kadatangan malaikat Jabroil dina malem Jumaah tanggal dalapan belas bulan Robiul awwal.

(0923)
ari enggeus lila-lila,
yuswa opat puluh// tahun jejeg hanteu kurang,
geus mangsana tahun jumenengna Nabi,
nuju di malem Jumaah,
dina bulan Robiul awwal.

(0924) Nuju tanggal dalapan belasna,
sumping utusan yén manon,
mala Jabroil,
jeung uluk salam ka Nabi,
.....

(8) Malem Senén tanggal 10

Nalika malem Senén tanggal sapuluh, Kangjeng Nabi Muhammad cicing di Jabal Haram.

(0929) Kangjeng Nabi jongjon baé linggih,
dina luhur Jabal Haram téa,
nuju dina malem isnén,
menderan tanggal sapuluh,
ngan bulan hanteu ditulis,
teu aya dina tuladan,
bulan teu disebut,
ngan tanggal eujeung poéna,
kacarios malaikat tujuh langit,
sadayana ditimbalan.

(9) Tanggal 1

Cahya patingsamburat melengkung ka luhur nalika tanggal hiji.

(0931)
cahya patingsamburat,
melengkung ka luhur,
tapi ngan hiji mancerna,
éta anu bijil tina tanggal hiji,
geus dina tanggal kumpulna.

(10) Harita

Kangjeng Nabi Muhammad harita mimiti ngaos Qur'an nalika dititah
ku malaikat Jabroil, maca opat surat.

(0952) Lajeng ngaos Kangjeng Nabi,
opat surat nu baca,
harita mimiti ngaos,
mimiti ngawaca Quran,
nyaéta nu opat surat,
genterana manis nya alum/arum,
teu aya timbanganana.

3) Latar Kaayaan

Latar kaayaan atawa suasana anu nyampak dina *Wawacan Siti Khadijah Dagang* nyaéta ramé, kagét/reuas, bungah/suka manah, melas-melis/sedih, pagaliwut sapahibut, mangmang, inggis, jeung heneg.

(1) Ramé

Kaayaan di jalan nalika para sodagar anu rék budal indit dagang ka
Esam nagari téh ramé pisan, dipingpin ku kapala besar, dihapit ku
bedil, sora tambur jeung tanji ngaguruh.

(0144) Jadi kapala besarna,
kiwa tengen nganggo dihapit ku bedil,
sora tambur geus ngaguruh,
.....

(0145) Geus ngaliud dina tegal,
sapertina nu keur ngajaga jurit,
bedil tumbak mani racung,
sapirang-pirang pakarang,
pada nyorén pedang buatan Istambul,
énggal sadaya geus dongkap,
jeung batur geus jadi hiji.

(0146) Geus teu aya anu tinggal,
tuluy nabeuh tambur dibarengan tanji,
tetengger rék budal laju,
ngaleut ngeungkeuy dina tegal,
degung eujeung tambur geus ngaguruh,
bandéra kékélétan,
matak kelar nu ningali.

(2) Kagét/Reuas

Nyi Khadijah Déwi kacida kagét manahna nalika aya Déwi Hatijah ngadeuheus. Kitu ogé nalika aya Kangjeng Nabi Muhammad, Nyi Khadijah Déwi ngawas-ngawas nepi ka teu bisa ngomong nanaon tina kagétna kalangkung.

(0044)
Nyai aya sadérék Ratu,
ayeuna aya di luar,
badé dumeuheus ka Gusti,
Nyi Khadijah teu kinten kagét manahna.

(0047) Embi téh naon nya kersa,
anu mawi wengi-wengi,
jisim kuring téh rareuas,

(0070)

Nyi Khadijah ngawas-ngawas,
lila hanteu sasauran,
tina kagétna kalangkung,
hanteu puguh raraosan.

Awéwé Mekah anu ningali Kangjeng Nabi Muhammad kacida kagétna. Nepi ka teu bisa ngomong nanaon, lantaran komarana Kangjeng Nabi Muhammad.

(0843) Mun boga salaki éta,
sakumaha bungahna téh ati aing,
eujeung sawaréh kacatur,
loba awéwé parawan,
anu nénjo barang rét kagét kalangkung,
ngan biwirna rerenyutan,
ngomong hanteu bisa muni.

Kangjeng Nabi Muhammad ngarasa reuas, rarasaan ngimpi kadatangan Malaikat Jabroil sarta Kaangjeng Nabi Muhammad geus

(0962) Ngan nyalira baé Nabi,
maras-miris mamanahan,
reuas raos-raos ngimpén,
ngadarégdég salirana,
énggal téh lajeng jengkar,
lungsur tina luhur gunung,
arék mulih ka bumina.

Ki Mas Rokit kacida reuasna nalika ngadéngé naon anu karandapan ku Kangjeng Nabi Muhammad di Jabal Harom.

(0973) Lajeng sadayana ditutur,
salalakon anu tadi,
tépéla di Jabal Haram,
hookeun pisan Mas Rokit,
sajongongan teu ngajawab,
tina kagét liwat saking.

(3) Bungah, suka manah

Nyi Khadijah Déwi kacida bungahna nalika aya Déwi Hatijah ngadeuheus. Anjeunna tuluy ka luar mapagkeun Déwi Hatijah kana

lawang kori. Nyi Khadijah Déwi suka manahna lantaran Hatijah Déwi (ménak Mekah) kakara harita ngajugjug.

(0045) Ngageuat angkat ka luar,
mapag kana lawang kori,
teu kinten bungah manahna,

.....

(0046) Disuguhan warna-warna,
katusangan nu maranis,
Khadijah suka manahna,
réhna éta Nyai Déwi,
kakara harita calik,
ménak Mekah nu ngajugjug,
hanteu pisan meunang// anggang,
kudu réréndéngan calik,
geus tarapti barangtuang seug miraksa.

(0055) Kitu manah Nyi Khadijah,
wekasan putri ngahir,
Embi kuring pirang-pirang,
kabu//ngahan dina ati,
réhna embi kantos sumping,
ka imah kuring téh nuhun,
raos katibanan rahmat,
nu tumurun ti langit,
ragragna téh ka awak kuring sorangan.

Kangjeng Nabi Muhammad bungah manahna nalika ngadangu piunjukna Ki Sayyidu sabab geus bisa nalukkeun urang kapir, urang kapir geus pada anut Islam.

(1040)
Kangjeng Nabi bungah manah,
ngadangukeun piunjukna téh Sayyidu,
sareng Nabi sakalintang,
bungah salebeting galih.

Kangjeng Nabi Muhammad bungah manahna nalika ngadangu piunjuk Ki Mantri Maisaroh ngeunaan impian Nyi Khadijah Déwi.

(0768) Sadayana hanteu kari,
diunjukeun ku Maisaroh,
Nabi bungah manahna téh,
ngan teu katawisna kaluar,

ukuran mèsem damelna,
Ki Maisaroh pok matur,
ka raja Mekah unjukan.

Raja Abi Tholib bungah manahna nalika ngadangu impian Nyi Khadijah Déwi anu dicaturkeun ku Ki Mantri Maisaroh.

(0769) Yén Putri Khadijah Déwi,
kagungan kitu impian,
Raja Mekah manahna téh,
hanteu kinten-kinten bungah,
tuluy deui Maisaroh,
ka Nabi hatur piunjuk,
Gusti éta balukarna.

(0777) Hanteu kirang hanteu leuwih,
Raja teu kinten bungahna,
ngadangukeun nu nyarios,
lir mendak pependeman,
emas teu kinten rosana,
raosna ngagunung-gunung,
bungah teu aya hinggana.

Jalma-jalma pada suka, pada bungah, jeung pada asih nalika datang
ka Pakuan Endén Putri.

(0819) Jalma-jalma pada suka,
pada bungah pada asih,
pada seregep sadaya,
.....

Kangjeng Nabi kacida bungahna lantaran kadatangan Malaikat
Jabroil.

(1012) Kacarios geus isukna,
sumping deui Jabroil ka Kangjeng Nabi,
Kangjeng Nabi bungah langkung,8u
sumpingna téh uluk salam,
sarta nyandak surat nu kasebut,
muzzamil jeung surat alaq,
ku Nabi enggeus katampi.

Kangjeng Nabi Muhammad kacida bungah manahna nalika urang kapir geus anut agama Islam sarta umat-umatna anu anut agama Islam téh pada suhud maca Quran beurang peuting.

- (1041) Ngadangu umat-umatna,
 sakur anu anut ka agama Nabi,
 sadayana sami suhud,
 siang wengi maca Quran,
 hanteu répéh sarta jeung batur samiuk,
 Nabi sakalintang bungah,
 Sayyidu kacatur deui.

(4) Melas-melis, sedih

Déwi Hatijah téh melas-melis, manéhna sedih sarta kaluar cai panon ningali Kangjeng Nabi inidit ngajugjug ka Nyi Khadijah Déwi pikeun nginjeun modal.

- (0062) Rék nepangan Khadijah,
 Déwi Hatijah ningali,
 putra angkatna nyalira,
 manéhna téh melas melis,
 ibuna ningali nangis,
 cisocana ku murubut,

Kangjeng Nabi ngarasa sedih nalika ningali loba jalma balawiri di hareupeun imahna Nyi Khadijah Déwi.

- (0063) Kumerebet cisocana ningali,
 jalma balawiri,

(5) Pagaliwut sapahibut

Kaayaan saperti kitu téh nalika di hareupeun imah Nyi Khadijah Déwi loba jalma anu datang rék nginjeum modal.

- (0063)
 sakur anu nginjeum duit,
 pagaliwut sapahibut,
 Kangjeng Nabi seug ngamanah,
 tangtu ogé kitu aing,
 cara kitu peta jalma anu loba.

(0064)

jalma munggah// pabaliut,
Kangjeng Nabi téh nyangkana,
tangtu kitu awak aing,
tatapina sangka Radén kasamaran.

(6) Mangmang jeung inggis

Raja Abi Tholib ngarasa mangmang jeung inggis kana lamaran anu dipunjuk ku Ki Mantri Maisaroh, sok sieu Ki Mantri Maisaroh téh ngan ukur ngabubungan wungkul.

(0784) Rada mang-mang dina galih,
enya parantos ngalamar,
tatapi jeung ramana téh,
teu acan tepang sorangan,
bo bilih éta Sultan mah,
kersana téh lain kitu,
sulaya sareng utusan.

(0785) Ngan tina bisa mantri,
nyieun omong ngabubungah,
kitu kainggis abdi téh,
upanten enggeus tepang mah,
sareng éta Walih Sultan,
sareng Nyi Khadijah kitu,
nguping saur anu dua.

(7) Pabuis, pabaliut

Kaayan saperti kieu téh lumangsung nalika Kangjeng Nabi Muhammad arék réndéngan jeung Nyi Khadijah Déwi, di Kaputrén loba jalma anu pabuis jeung pabaliut marilu dangdan.

(0817)

marilu dangdan pabuis,
di kaputrén pabaliut,
éta jalma pirang-pirang,
nu digawé masing-masing,
aya anu ngumbahan paparabotan.

(8) Teu puguh, bakat ku ramé kacida

Kaayaan saperti kieu téh lumangsung nalika raraméan ngiring Kangjeng Nabi jeung Nyi Khadijah Déwi anu arék réndéngan. Bakat ku ramé kacida, tina soara gamelan, jalma anu heurin usik, sarta tina wawangian, loba sato (manuk) jeung jalma anu utah atawa mabok.

(0836) Jeung leuwih harus sorana,
kadanguna matak ngaléhléh nu nguping,
tina ku raos kalangkung,
loba anu kapaéhan,
ngadangukeun sora gamelan geus umyung,
jalma wani heurin nincak,
teu puguh sahiji-sahiji.

(0866) Anu nguping awéwé lalaki,
loba anu mabok,
sawaréh mah anu utah baé,
tina ramé liwat saking,
taya papadana deui,
ramé cara kitu.

(9) Hookeun

Sakur jalma nu aya di dinya kabéh pada hookeun ningali Kangjeng Nabi jeung Nyi Khadijah Déwi réndéngan, nu kasép jeung nu geulis simpuh pada alus.

(0875) Enggeus sumping ka papajangan putri,
geus asup ka jero,
lajeng calik jeung Nabi ngaréndéng,
ti kéncaeun Kanjeng Nabi,
sakur nu ningali,
hookeun kalangkung.

(0876) Réh saumur pada kakara ningali,
pada nembé nyaho,
nu pangantén kitu lucuna téh,
terus pameget jeung istri,
nu kasép nu geulis,
simpuh pada alus.

(10) Ngaguruh, ngahiung, teu puguh dadanguan

Kaayaan saperti kieu téh lumangsung nalika bérés ijab qobul.
Sakabéhna bungah, loba anu maca amin.

(0887) Geus gumuruh anu maca amin,
 nu sepuh nu anom,
 malaikat maca amin kabéh,
 ngageder éta kakuping,
 kabéh para istri,
 so//ara ngaguruh.

(0888) Saparantos tutup maca amin,
 saléndro jeung pélong,
 jeung gamelan ditabeuh ramé,
 melas-melis sora suling,
 soara kakuping,
 ngaguruh ngahiung.

(0889) Tambur tanji tarumpét jeung beri,
 soara norotot,
 geus teu puguh dadanguan téh,
 bedil geus asa (...),
 kalanat ku cuplis,
 mariem jumegur.

(11) Kacida sérabna

Ieu kaayaan téh lumangsung nalika Malaikat Jabroil ningali ka Kangjeng Nabi anu cahayaan, bakat ku sérab, Malaikat Jabroil kuat ka teu werat ningali ka Kangjeng Nabi.

(0934) Malah-malah malaikat Jabroil,
 teu ka werat ningali lila,
 ka salira Jeng Nabi téh,
 bawaning sérab kalangkung,
 kungsi paroék ningali,
 pék Jabroil malaikat,
 muka hiji bungkus,
 buntelan sutra déwangga,
 barang béré téh bijil cahaya tingkaretip,
 haliber ka awang-awang.

(12) Prihatin

Kangjeng Nabi Muhammad ngarasa prihatin lantaran geus lila Malaikat Jabroil euweuh ngadeuheus ka Kangjeng Nabi Muhammad.

(0998) Kacarios Kangjeng Rosul,
 pirhatin di jero galih,

réh geus lami hanteu aya,
sumping malaikat Jibril,
teu kinten susah manah,
wayang-wuyung siang wengi.

Nyi Khadijah Déwi ngarasa prihatin ningali kaayaan Kangjeng Nabi Muhammad anu katingalina susah manah beurang jeung peuting.

(1001) Déwi Khadijah kacatur,
ningali carogé Gusti,
katawis susah manahna,
Déwi Khadijah pirhatin,
ngiring raka bubah manah,
ti beurang sareng ti peuting.

(13) Bingung

Kangjeng Nabi Muhammad ngarasa bingung lantaran geus lila Malaikat Jabroil euweuh ngadeuheus ka Kangjeng Nabi Muhammad, sarta Kangjeng Nabi Muhammad bingung saupama aya anu nanya ngeunaan agama Islam.

(1000) Lamun aya anu nyusul,
anu naros ka awak aing,
pertingkah agama Islam,
lian ti kalimah kalih,
kumaha aing nya jawab,
bingung temen awak aing.

(14) Sepi

Kaayaan saperti kitu téh nalika Kangjeng Nabi Muhammad diuk handapeun kai di Jabal Harom.

(1003) Ningali ka pungkur ka payun
ka gigir ditingal sepi
sugan aya malaikat
lajeng ningal ka langit
hanteu aya rentang-rentang
gék calik handapeun kai

(15) Sumpег

Éta kaayaan téh lumangsung nalika Kangjeng Nabi Muhammad masih nganti-nganti Malaikat Jabroil datang.

(1006) Ku Nabi hanteu didangu,
teu diladén anu sumping,
ku tina sumpeg manahna,
raos teuleum dina cai,
ku bawaning kaéwedan,
dina manah Kangjeng Nabi.

(16) Heneg

Kangjeng Nabi ngarasa heneg dina manahna lantaran ngarasa hanjakal.

(1011) Geus lawas kakara tepung,
ngan sakeudeung mulih deui,
Nabi sesek dina manah,
calik baé hanteu mulih,
malah dongkap ka wengina,
tapakur meunang sawengi.

4.4.4 Analisis Pupuh anu Digunakeun

Dina téks wawacan diwangun ku sababaraha pupuh. Jumlah pupuh anu digunakeunna teu tangtu, gumantung kana eusi carita sarta diluyukeun jeung watek pupuhna. Pupuh-pupuh anu digunakeun dina *Wawacan Siti Khadijah Dagang*, katitén dina pedaran tabél ieu di handap.

Tabél 4.1 : Pupuh anu digunakeun dina *Wawacan Siti Khadijah*

Dagang

No	Runtuyan Pupuh	Ngaran Pupuh	Jml Pada	Guru Wilangan	Guru Lagu
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)
1	1, 9, 13	Dangdanggula	142	10, 10, 8, 7, 9,	i, a, é/o, u, i, a,

